ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПРАВИТЕЛЬСТВЫМРЭ И ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№58 (22. 216) ● 2012 гъэм мэлыхьыхьым (апрелым) и 4, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэр къыщагъэщІэрэщІэж

XXI лЭщыІуэм хуэфащэ щыІэхэр зэтеГуэвэным дызэрыт ильэсым и закъуэ республикэм сом мелуан 600-м щІигъу щытрагъэкІуэдзыну.

ИДЖЫБЛАГЪУ КъБР-м и Правительствэм кІыщтащ куэрт щколхэр къэгъэщІэрэщІэжьным теухуауэ 2012 гъэм ялэжьнуэр. Абы трагъэкІуэдзи папщІэ федеральэ бюджетым сом мелуан 605,5-рэ, изгъабэ ельытауэ хуэзэщым нэблагъэкІэ нэхьыбэ, кІнуТ Іыпщынуц. Республикэм есым и Іыхьэу хилъхьэнущ сом мелуан 31,8-рэ.

А ахьшэр трагъэкІуэдзнущ щколхэр зыхуей Іэмэпсымэхэр, сабийхэр къызэрырашэкІынущ транспорт, библиотекэхэм папщІэ тхылъхэр къэщэхуным, еджапІэхэм я инфраструктурэр егъэдЗэкІуэным, курыт щколхэм я унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я Іэщ Іагъэм, щІэныгъэм хэгъэхъуэным. Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэ ираГъэкІуэнущ энергиер эгъэзэхуауэ кІагъэсэбэпыным, еджапІэхэм я унэхэр зэгъэпэщыжыным, къэгъэщІэрэщІэжыным.

Мы лэжьыгъэхэм хихыбдзу дызэрыгилъэсым цІыху 11 зэрыхуэу «ГАЗель» автобусыщІэхэр кІыхуащхуащ Іуащхьэмахуэ районым щыщ Бедык, Шэрдж районым щыщ Къэщкъэтау жылагъуэхэм дэт курыт еджапІэхэм. Автобусхэм шынагъэщнагъэ кІыхьэзэпэщ Іэмэпсымэхэр хэтщ, мыгувэу апхуэдэ транспорт нэгъуэщІ щхьэ зыбжанэми кІаЗэрыхьэнущ.

- Щколхэм зэрыщрагъадкэр къэгъэщІэрэщІэжыным республикэм и къэкІуэнум и дежкІэ мыхьэнэзэуэ иІэщ, абы кІыхьэкІыу егъэджэныгъэм и Іэнатіэм ахъшэр кІыщыдэбгъэхуэну кьезэгъыркым, - жеІэ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

- Мы Іуэхур сэбэн хъунущ Іэщ Іагъэлэпхэр зэрагъэхъэзырыр егъэдЗэкІуэнымкІэ, - кІигъэлъэгуащ абы. - Іэщ Іагъэлпхэм щІэныгъэ лъагэ я ябгъэдэлъу, зэфІэкІыщхуэ яІэу щытын хуейщ. Апхуэдэу щыхьхуКІэ, мы Іуэхум гулыТэри мальхури хуэзщІагъэуІуапхъэщ.

Мы зэманым щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапхэм иІэн хуей щытыкІэр наІуэу щагъэлъэгъуащ Налшык къыщыкъэрагъэпэщ «Егъэджэныгъэр иджырей школым зэрыщегъэкІуэдзыпхъэр» щІыналъэ зэхуэдиз зыхуаІэм. Мыбы утыку къыщрагъахьащ XXI лЭщІыгъуэм кІигъэувэн пэлъэщын школыр зыхуей псори. Иджырей технологиехэр яГъэлъэгъуа къудейм къыщымынэу, ахэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм хагъэгъуэзащ республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм зыкъэзыгъэпэща выставкэм къекІуэлІахэр.

ЦІыхУХЭМ къыІаха ахъшэр трагъэмІуэдащ гъэшІэныкъо лъхэкІыкІэм узыщыгугъэ хъуну Іэщ лъэпкъэфІэхэр къэщэхэмрэ ахэр Іусыпхъэхэмкіэ нэсу къызэгъэпэщыныкъо. Къэралым субсидиер къеІыэзыхахэм ар куп щІадПІэу къызэрагъэсэбэпІар нэрылъагъу къыщащІ зи гугъу тщІы лъэхъэнэм къриубыдэу мы районым и мэкъумэщ Іэнатіэхэм лы кьабзэу тонн 18, шэуэ тонн 50 къызэрыщІэжьыам. Ар и пэ итІ ильэсым нэхъри куэдкІэ нэхьыбэщ.

Прохладнэ куейм щызэхэт мэкъумэщ предприятэхэм 2012 гъэри яхуэІейкъым. Курыт республикэ бюджетэхэм кьаХэкІыу мыбыхэм кьыхуатІыпщащ сом мелуани 10. Ари трагъэкІуэдзнущ Іэщыщыхуэхэм я бжыгъэм къыхэгъэхъуэныкъо ахэр къызыхуэтынышэу щаІыгъыну псэуалъэфІхэр ухуэнымэр. Апхуэдэу зэрэфІэкІыу яІэр ирахьэлІэнущ ди щІыпІэм сытхи щІэныгъэ Іэщ хэпльыжьа нэхьыбэ къызэращэхуным.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Іуащхьэмахуэ и хьэщІэхэр

«Кавказыр зауэшІэрэ наркотикыншэу» кьыхуедджныгъэм щІэныгъэ Іуэрыпэм и гъэпсыкІэ ин дыдэм - Іуащхьэмахуэ ІъапэІ - къыщыззрагъэпэща «Іуащхьэмахуэ-2012» зыфІаща макъамэ бгы-лыжь фестивальым пащІ. Зэхьхьэр къыззрагъэпэщ Урысейм и ФСКІІ-м и республикэ къудамэм, наркотик емыгъэщэнымкІэ Къэрал комитетым, «Чегетиябгы-лыжь» творческэ клубым, Іуащхьэмахуэ куейм-мрэ Іуащхьэмахуэ поселокымрэ я щІыпІэ администрацэхэм. КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен спорт-макъамэ зэхуэсым и къызэгъэпэщакІуэхэм нтъэс зыбжанэ хъуауэ ядоІэпыкъу.

ФЕСТИВАЛЫМ и гъэзэщІакІуэ унафэщІ **Калинкин Михаил** кьыхигъэщащ зауэмрэ наркотикымрэ я пІэм творчествэр, щэнхабзэр, зэгурыІуэныгъэр ибгъуэвэ зэрыхъунур. «ЦІыхуэр бгыхэм къэшэн хуейщ. Мыбы лыжэрэ сноубордкІэ къэбжьыкуфу зыщІэсэфынуц, уэрэд зытхахэм зэрагъэзащІэми ущедэІуэфынущ. Кавказым щызекІуэ хабзэхэр сыт и уасэ? Я нэхъыжьхэм пщІэ хуащІ, хьэщІэхэр я гуапэщ, сэлам щахкІэ, фэрыщІагъэ хэмылъу, я Іуэху зыІутми щІоупщІэ, - жеІэ Калинкиным.

Наркотик емыгъэщэнымкІэ щыІэ Къэрал комитетым и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Маняткин Евгений** хабзэхъуэмэ и лэжьакІуэхэр щхьэхъ бзаджэр зыщІэхэм ткІийуэ зэрапэщІэтынур жиІа нэужь, Урысейм и ФСКІІ-м и унафэщІ Иванов Виктор зэхьхьэм хэтхэм къажриІэжьа тхыгъэм кьеджащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зэхьхьэм хэтхэм зэрызахуигъаз тхыгъэм къахуеджащ республикэм наркотик щемыгъэщэнымкІэ щыІэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ, Урысейм и ФСКІІ-м и щІыналъэ къудамэм и управленэм и унафэщІ, полицэм и генерал-майор **Кульбаев Руслан**. Куей администрацэм и лЫкІуэхэм зэхьхьэм хэтхэмрэ хьэщІэхэмрэ зыхуагъэзащ.

Фестивальм и творческэ Іыхьэр къызэІуахащ Калинкин Михаил, Юрков Дмитрий, Гладышев Артур сымэ. Абыхэм къахьхьэжат махуэ зытІуц и пэкІэ Іуащхьэмахуэ ІъапэІ щызэхуэхащыжа «Алтын-Майдан» фестивальым хэтахэм зыщыщу Украинэм, Якутием, Осетие Ищхьэрэ-Аланием я лЫкІуэхэр.

Фестивальм и программэм макъамэ, нэгуэшу зэхьхьэзэхуэхэр, уэрэдыз, уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэхэм я концертхэр, спорт зэпеуэхэр щекІуэкІынущ.

КьызэрэзэпэщакІуэхэм я гупытІэр нэхъ зэтауэ щытынур сабийхэрщ. Фестивальым хэтыну нэхъ цІыкІу дыдэхэм папщІэ Азау губгъуэм «Веселые старты» зэхьхьэр, «Ай- шхапІэм «Дети на Чегете» концертыр щрагъэкІуэкІынущ. Гукъыдэж зиІэ дэтхэнэри абы хьыхь хъунущ.

Урысей ФСКІІ-м и республикэ къудамэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Іуащхьэмахуэ и куейм

Зыужьыныгъэм дыхуокІуэ

«Іуащхьэмахуэ-Безенги» бгы лыжэ къэжьхьыпІэр Шэрэдж, Шэджэм куейхэм я хъурышъуэ щІыпІэхэм щыухуэным ехьэІЦауэ къэралым кьыхилъхьа убзыхуныгъэ лэжьыгъэхэр и кІэм нэсащ. Мы зэманым яГъэбелджылы дунейпсо мыхьэнэ зиІэну зыгъэпсэхуупІэм и уХуэныгъэм текІуэдэну мылъкур зыхуэдизыр.

ТУРИСТ-зыгъэпсэхупІэ мардэм ипкъ иткІэ яухуэну лыжэ къэжьхьыпІэхэм километри 165-рэ я кІыхьатІыу щытынущ, къурышъм щІыхуэкІэр дэзышІ «унэхэм» я бжыгъэр 30-м нэсынущ. Европей щапхъэм тету яухуэ хьэщІэщхэм щІыкІу мин 14,5-м нэблагъэ щІэхуэнущ. Узынщагъэр щрагъэфІакІуэ икІи я нэгу зыщІрагъэужь щІыпІэ щхьэхуэхэм зэуэ щІыкІу 2000-м Іуэхуэтхъэбзэ щагъэуэтынущ. Абы хэтынущ щхьэрыжь къэжьхьыпІэхэмрэ нэгузыжь программэхэр щрагъэхІуэкІ утыкуэмрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Нобэрей Іэмалхэр къагъэсэбэп

ПСЫХУАБЭ щекІуэкІащ хъыбарегъащІэ-коммуникацэ технологиехэр ерэджэныгъэм къыщыгъэсэбэныным теухуа япэ конференц.

Иджырей дунейпсо мардэхэм тет щІэныгъэ лъабжьэ бЫдэ яГъуэтыным ехьэлІа мы зэІуцІэм хэтащ Къэрэшей-Шэрджэс, Ингушрепубликэм, Волгоград, Новороссийск, Кисловодск, Буденновск, Ставрополь, Краснодар кьалэхэм кьикІа щІэныгъэлІхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу конференцым кІуащ КъБКЪУ-м и медицинэ колледжым и егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэр. Мы еджапІэм яІащ щІэныгъэ нужьрей ильэсхэм компьютер гъэпсыгъэныгъэхэмрэ мультимедийнэ мардэхэм тет егъэджакІэ Іэмалхэмрэ кууу къэзыгъэсэбэпхэм.

Ди республикэм икІахэм конференцым щагъэлъэгъуащ медколледжым зэрыщрагъаджэм щІэуэ кьыхьхьа компьютернэ Іэмалхэм я зэхэпыкІэхэмрэ мы зэманым къагъэсэбэп методикэ щхьэхуэхэмрэ. Абыхэм я дэтхэнэ зыри, гулытэ яхуэфащэу, гъэунэхуп Іэ ихущ. Нобэ медколледжым щеджхэм творческэ лъабжьэ зиІэ щІэныгъэ куу абгъэдэпхъэныкІэ утыку ирахьа Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм мыхьэнэ ин яІэщ.

Псыхуабэ щекІуэкІа зэІуцІэм и кьалэн нэхъыщхьэу щытар Іэщагъэ къэзыт профессионалнэ еджапІэхэм кьыдэкІуэтей щІэблэм кьыщІах щІэныгъэр нэхъри егъэфІэкІуэныгъэ. ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, Іэщагъэлл нэсыр творческэ Іэмалхэм сыт и лъэныкъуэкІи пэгъунэгъуэ щытпхъащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар республикэм и хабзэгъэуцІэнатІэ нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІуцІэр гъатхэпэм и 29-м иригъэкІуэкІащ. Абы Іуэхугъуэ 20-м щигъум щыхэпльащ.

ДЕПУТАТХЭМ Къэбэрдей-Балъкъэрым и закон зыбжанэм зэхъуэкІыныгъэхэр хальхьащ. Апхуэдэщ республикэм и гъуэгу фондым и бюджет хэхам, инвестиц налог кредитым, кьэрал мылькур уней щыным, кьэрал-уней зэдэлэжьэныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІ инвестицІэ лэжьыгъэм, щІым и гъэтІылъыгъэхэм, нэгъуэщІхэми ятеухуахэр.

Парламентым и лэжьыгъэр зэкІэлъгъэкІуэныкІэ, регламентымрэ депутат щэнхабзэмкІэ комитетым щыщ рыхилъхьам тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэуцІэ Іуэхущ Іапіэм Спортымрэ туризмымкІэ и комитетым и унафэщІу Сумаев Ахьмэт Хьэрун и кьэзэр хахащ. Депутатхэм кьащтащ муниципальнэ щІынальэхэм я къэзыщыдгъэкІэзыбжь Іэнатіэхэм я лэжьыгъэ къэзэгъэпэщыкІэ-унэтІыкІэм пыщІа Іуэхуэзэр зэрызэкІэтьахьыну щыкІэм теухуа закон.

ЗэІуцІэм щхьэхуэщ щызэпкърахащ -2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар кьыхихьхащ республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министр **Муськов Алий** зэхьхьэм щызэхилъхьэжащ зыуэзэщІыныгъэ и лЭэныкъуэкІэ 2007 - 2011 гъэхэм ди щІыналъэм щызэфІэгъэкІа хуэхэр. Абы къызэригъэпэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ сом мелард 82,2-рэ и уасэ продукцІэ кьыщІалъэкІащ. Ар 2006 гъэм зэрыхъуу щытам елытауэ хуэди 2-кІэ нэхьыбэщ. Продукцэу ящэм, лэжьыгъэрэ Іуэхутхъэбзэу зэфІагъэкІым сом мелард 21-рэ мелуан 276,4-рэ и уасэкІэ хэхуащ.

Мэкъумэшым и Іэнатіэхэм зэпІэзэрыту зауэкь. 2007 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу абыхэм кьыщалъэжьым процент 37,1-кІэ хэхъуащ. Апхуэдэ ехьулІэныгъэхэр я фыгъэщ агропромышленнэ комплексым и Іуэхущ Іапіэхэм къэралым зэрызащІигъаныкъуэм. Нэгъабэ сом мелард 70-рэ мелуан 425,2-рэ и уасэ рознищэ сату ящІащ.

- 2025 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ комплексым зэрызиужьыным и стратегиер къэтщтащ. Ар зэхуІэныгъэкІэ тхуэзгъэзащІэмэ, зи гугъу тщІы пІалъэм нэсхуу продукцэу тщэм хуэдэ 11,7-кІэ тхухэгъэхъуэнущ, ІэнатІэкІэ щІэныгъэ мини 8 нэхъыбэхуэныщ. Ди унэтІыныгъэ нэхьыщхьэхэм ящыщщ инвестицэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьэным хуэфащэ щытыкІэ кьыхуэгъэпэщыныр. Кьапщтэмэ, Урысей Федерацэм Инвестицэмкіэ и фондыр ди щІэнхъуэну, сфыкъыс промышленностымрэ щэкІ щызэІуащэ промышленностымрэ папщІэ полиэтиленерефталату (ПЭТФ) тонн 486-рэ итъэсым кьыщыщІагъэкІыну заводэ яуэхуэ, - жиІащ министрым. - Мы зэманым республикэм ІэнатІэ щыкІуэрэ курыту 5636-рэ щыІэщ. Ар 2006 гъэм елытагъуэ хуэди 2-кІэ нэхьыбэщ. Щхьэзакъэрыплажьхэзэр 29454-рэ мэхъу.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Фестиваль

Іуащхьэмахуэ и хьэщІэхэр

«Кавказыр зауэшІэрэ наркотикыншэу» кьыхуедджныгъэм щІэныгъэ Іуэрыпэм и гъэпсыкІэ ин дыдэм - Іуащхьэмахуэ ІъапэІ - къыщыззрагъэпэща «Іуащхьэмахуэ-2012» зыфІаща макъамэ бгы-лыжь фестивальым пащІ. Зэхьхьэр къыззрагъэпэщ Урысейм и ФСКІІ-м и республикэ къудамэм, наркотик емыгъэщэнымкІэ Къэрал комитетым, «Чегетиябгы-лыжь» творческэ клубым, Іуащхьэмахуэ куейм-мрэ Іуащхьэмахуэ поселокымрэ я щІыпІэ администрацэхэм. КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен спорт-макъамэ зэхуэсым и къызэгъэпэщакІуэхэм нтъэс зыбжанэ хъуауэ ядоІэпыкъу.

ФЕСТИВАЛЫМ и гъэзэщІакІуэ унафэщІ **Калинкин Михаил** кьыхигъэщащ зауэмрэ наркотикымрэ я пІэм творчествэр, щэнхабзэр, зэгурыІуэныгъэр ибгъуэвэ зэрыхъунур. «ЦІыхуэр бгыхэм къэшэн хуейщ. Мыбы лыжэрэ сноубордкІэ къэбжьыкуфу зыщІэсэфынуц, уэрэд зытхахэм зэрагъэзащІэми ущедэІуэфынущ. Кавказым щызекІуэ хабзэхэр сыт и уасэ? Я нэхъыжьхэм пщІэ хуащІ, хьэщІэхэр я гуапэщ, сэлам щахкІэ, фэрыщІагъэ хэмылъу, я Іуэху зыІутми щІоупщІэ, - жеІэ Калинкиным.

Наркотик емыгъэщэнымкІэ щыІэ Къэрал комитетым и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Маняткин Евгений** хабзэхъуэмэ и лэжьакІуэхэр щхьэхъ бзаджэр зыщІэхэм ткІийуэ зэрапэщІэтынур жиІа нэужь, Урысейм и ФСКІІ-м и унафэщІ Иванов Виктор зэхьхьэм хэтхэм къажриІэжьа тхыгъэм кьеджащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зэхьхьэм хэтхэм зэрызахуигъаз тхыгъэм къахуеджащ республикэм наркотик щемыгъэщэнымкІэ щыІэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ, Урысейм и ФСКІІ-м и щІыналъэ къудамэм и управленэм и унафэщІ, полицэм и генерал-майор **Кульбаев Руслан**. Куей администрацэм и лЫкІуэхэм зэхьхьэм хэтхэмрэ хьэщІэхэмрэ зыхуагъэзащ.

Фестивальм и творческэ Іыхьэр къызэІуахащ Калинкин Михаил, Юрков Дмитрий, Гладышев Артур сымэ. Абыхэм къахьхьэжат махуэ зытІуц и пэкІэ Іуащхьэмахуэ ІъапэІ щызэхуэхащыжа «Алтын-Майдан» фестивальым хэтахэм щІыщу Украинэм, Якутием, Осетие Ищхьэрэ-Аланием я лЫкІуэхэр.

Фестивальм и программэм макъамэ, нэгуэшу зэхьхьэзэхуэхэр, уэрэдыз, уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэхэм я концертхэр, спорт зэпеуэхэр щекІуэкІынущ.

КьызэрэзэпэщакІуэхэм я гупытІэр нэхъ зэтауэ щытынур сабийхэрщ. Фестивальым хэтыну нэхъ цІыкІу дыдэхэм папщІэ Азау губгъуэм «Веселые старты» зэхьхьэр, «Ай- шхапІэм «Дети на Чегете» концертыр щрагъэкІуэкІынущ. Гукъыдэж зиІэ дэтхэнэри абы хьыхь хъунущ.

Урысей ФСКІІ-м и республикэ къудамэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Іуащхьэмахуэ куей

Зыужьыныгъэм дыхуокІуэ

«Іуащхьэмахуэ-Безенги» бгы лыжэ къэжьхьыпІэр Шэрэдж, Шэджэм куейхэм я хъурышъуэ щІыпІэхэм щыухуэным ехьэІЦауэ къэралым кьыхилъхьа убзыхуныгъэ лэжьыгъэхэр и кІэм нэсащ. Мы зэманым яГъэбелджылы дунейпсо мыхьэнэ зиІэну зыгъэпсэхуупІэм и уХуэныгъэм текІуэдэну мылькур зыхуэдизыр.

ТУРИСТ-зыгъэпсэхупІэ мардэм ипкъ иткІэ яухуэну лыжэ къэжьхьыпІэхэм километри 165-рэ я кІыхьатІыу щытынущ, кьурышъм щІыхуэкІэр дэзышІ «унэхэм» я бжыгъэр 30-м нэсынущ. Европей щапхъэм тету яухуэ хьэщІэщхэм щІыкІу мин 14,5-м нэблагъэ щІэхуэнущ. Узынщагъэр щрагъэфІакІуэ икІи я нэгу зыщІрагъэужь щІыпІэ щхьэхуэхэм зэуэ щІыкІу 2000-м Іуэхуэтхъэбзэ щагъэуэтынущ. Абы хэтынущ щхьэрыжь къэжьхьыпІэхэмрэ нэгузыжь программэхэр щрагъэхІуэкІ утыкуэмрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Къэрэшей-Шэрджэс

Алмэсты тєлъыджэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и бгъэхэм зыщІэзыпІыхьы зыгъэпсэхуакІуэхэм алмэсты фІыцІэ тєлъыджэ иІэзэрыІуэ. «Нєжная» бгъэунэщІагъэм пэмыжьжьэу зыІууэ псэ зыІут я гъэдІэгъэуэным турист-хэм телефонкэмкІэ сурэт трахащ.***

ЩІЫПІЭМ щыпсэухэм а тєлъыджэм и тєлъыджэм «Щабэ» фІащащ. УФ-м и МЧС-м и Іуэхущ Іапіэ Адыгейм щы-Іэм къызэритымкІэ, алмэсты къызэрыкъуэкІам теуху къыбгъэ зыбжанэ щыпІэ зэхуэмдэхэм къикІыу къыІэрыхьащ. Ар «Нежная» бгъэунэщІагъэм и Іэшэлъашэрщ. Оштен бгы-хэрщ. ЦІыІэ псым и къэжьапІэрщ.

Туристхэм трахар Іэщ ІагъэлІхэм щапщытыкІ.

Зэпыщіэныгъэхэр зэтраублэж

АБХЪАЗ. ***Республикэр хущІокъу къэралыгъуз щхьэхуиту дунейпсо утыкум ихьэну. Ар хуейщ мужьрей пхъэнэм фІэкІуэда Европэм, псом япэу республикэр сыт щыгъуи зыдолажьа Италиям, яхуиІэ зэпыщІэныгъэхэр зэфІэнгъуэжьму.***

АПХУЭДЭ мурад зэраІэр жиІащ. Нэмыгьгъэ Іуэхукіэ Рим щыІэ Абхъазым къэрал щІыб Іуэхуэмкіэ и министр Чирикбэ Вячеслав. «Абхъазэр европей къэралщ, икІи, абы и Іыхьэу щыткІэрэ, дэ нэгъуэщІ къэралыгъуэхэми зэпыщІэныгъэ яхудиІэну дыхуэІщ. Нэхъыщхьэу дызыхуІэкъур Абхъазымрэ Европэмрэ яку дэпъа зэхущытыкІэхэр зэтеублэжьныр щы-, - щыжиІащ Чирикбэ пресс-конференцым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэр къыщагъэщІэрэщІэж

XXI лЭщыІуэм хуэфащэ щыІэхэр зэтеГуэвэным дызэрыт ильэсым и закъуэ республикэм сом мелуан 600-м щІигъу щытрагъэкІуэдзыну.

ИДЖЫБЛАГЪУ КъБР-м и Правительствэм кІыщтащ куэрт щколхэр къэгъэщІэрэщІэжьным теухуауэ 2012 гъэм ялэжьнуэр. Абы трагъэкІуэдзи папщІэ федеральэ бюджетым сом мелуан 605,5-рэ, изгъабэ ельытауэ хуэзэщым нэблагъэкІэ нэхьыбэ, кІнуТ Іыпщынущ. Республикэм есым и Іыхьэу хилъхьэнущ сом мелуан 31,8-рэ.

А ахьшэр трагъэкІуэдзнущ щколхэр зыхуей Іэмэпсымэхэр, сабийхэр къызэрырашэкІынущ транспорт, библиотекэхэм папщІэ тхылъхэр къэщэхуным, еджапІэхэм я инфраструктурэр егъэдЗэкІуэным, курыт щколхэм я унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я Іэщ Іагъэм, щІэныгъэм хэгъэхъуэным. Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэ ираГъэкІуэнущ энергиер эгъэзэхуауэ кІагъэсэбэпыным, еджапІэхэм я унэхэр зэгъэпэщыжыным, къэгъэщІэрэщІэжьным.

Мы лэжьыгъэхэм хихыбдзу дызэрыт ильэсым цІыху 11 зэрыхуэу «ГАЗель» автобусыщІэхэр кІыхуащхуащ Іуащхьэмахуэ районым щыщ Бедык, Шэрдж районым щыщ Къэщкъэтау жылагъуэхэм дэт курыт еджапІэхэм. Автобусхэм шынагъэщнагъэ кІыхьэзэпэщ Іэмэпсымэхэр хэтщ, мыгувэу апхуэдэ транспорт нэгъуэщІ щхьэ зыбжанэми кІаЗэрыхьэнущ.

- Щколхэм зэрыщрагъадкэр къэгъэщІэрэщІэжьным республикэм и къэкІуэнум и дежкІэ мыхьэнэзэуэ иІэщ, абы кІыхьэкІыу егъэджэныгъэм и Іэнатіэм ахъшэр кІыщыдэбгъэхуэну кьезэгъыркым, - жеІэ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

- Мы Іуэхур сэбэн хъунущ Іэщ Іагъэлэпхэр зэрагъэхъэзырыр егъэдЗэкІуэнымкІэ, - кІигъэлъэгъуащ абы. - Іэщ Іагъэлпхэм щІэныгъэ лъагэ я ябгъэдэлъу, зэфІэкІыщхуэ яІэу щытын хуейщ. Апхуэдэу щыхьхуКІэ, мы Іуэхум гулыТэри мальхури хуэзщІагъэуІуапхъэщ.

Мы зэманым щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэм иІэн хуей щытыкІэр наІуэу щагъэлъэгъуащ Налшык къыщыкъэрагъэпэща «Егъэджэныгъэр иджырей школым зэрыщегъэкІуэдзыпхъэр» щІыналъэ зэхуэдиз зыхуаІэм. Мыбы утыку къыщрагъахьащ XXI лЭщІыгъуэм кІигъэувэн пэлъэщын школыр зыхуей псори. Иджырей технологиехэр ягъэлъэгъуа къудейм къыщымынэу, ахэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм хагъэгъуэзащ республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм кІыщыззрагъэпэща выставкэм къекІуэлІахэр.

● Прохладнэ куей

Іэщыхъуэхэм я зэфІэкІыр

Прохладнэ районым и экономикэ лъабжьэр зыгъэбыдэ Іуэхугъуэхэм ящыщ зыщ Іэщ гъэхъунныр. Илъэс кІуам и закъуэ куейм и Іэщ бжыгъэр гъэбэгъуэныну зи зэфІэкІ хэзыльхьэ уней хозяйствэхэм япэу къэралым къариатащ субсидиеу сом мелуани 3. Апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм щІэлъэІуа кІуэжьдэхэм я бжыгъэр 1585-м нобл агъэ ихьи абыхэм я нэхъыбэм я лъэІуэр яГъэзэщІащ.

ЦІыхУХЭМ къыІаха ахъшэр трагъэмІуэдащ гъэшІэныкъо лЫхэкІыкІэм узыщыгугъэ хъуну Іэщ лъэпкъэфІэхэр къэщэхэмрэ ахэр Іусыпхъэхэмкіэ нэсу къызэгъэпэщыныкъо. Къэралым субсидиер къеІыэзыхахэм ар куп щІадПІэу къызэрагъэсэбэпІар нэрылъагъу къыщащІ зи гугъу тщІы лъэхъэнэм къриубыдэу мы районым и мэкъумэщ Іэнатіэхэм лы кьабзэу тонн 18, шэуэ тонн 50 къызэрыщІэжьыам. Ар и пэ итІ ильэсым нэхъри куэдкІэ нэхьыбэщ.

Прохладнэ куейм щызэхэт мэкъумэщ предприятэхэм 2012 гъэри яхуэІейкъым. Курыт республикэ бюджетэхэм кьаХэкІыу мыбыхэм кьыхуатІыпщащ сом мелуани 10. Ари трагъэкІуэдзнущ Іэщыщыхуэхэм я бжыгъэм къыхэгъэхъуэныкъо ахэр къызэрэзэтыншэу щаІыгъыну псэуалъэфІхэр ухуэнымэр. Апхуэдэу зэфІэкІыу яІэр ирахьэлІэнущ ди щІыпІэм сытхи щІэныгъэ Іэщ хэпльыжьа нэхьыбэ къызэращэхуным.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Хъыбар гуапэ

Пащты Герман иджы академикщ

Графикэм и мастер щІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ сурэтыщІ, 1989 гъэ лъандзрэ Красноярск дэт къэрал художественнэ институтым тхылъ гъэзэджэкІэ и творческэ мастерскойм и унафэщІ, профессор Пащты Герман «Художественнэ хэмкІэ Урысей академиемрэ и академикрэ» щІэлъапІэр кьыхуаГъэфэщащ. Сурэтыщым и гуащІэм дихьэхъэм я дежкІэ ар хьыбар гуапэщ, езым и екъулІэныгъэ хъарзынэщ.

Іуэху дахэр ирихьэлащ Пащтым и нЫкьыр ильэс 70 зэрырикъуам теухуауэ Красноярск кьыщызэІуиха, «ІэщІагъэлІымрэ и гъэсэнхэмрэ» зыфІища гъэлъэгъуэныгъэм. А лэжьыгъэхэр иджыри зэ щыхьэт тохьуэ абы сурэтыщІ гъуэдзжьэм и лІэужьыгъуэ куэдыр кьыхэрехъулІэж.

Ди хэкуэгъуэм и цІэм ехащ Урысейм и сурэтыщІ гъуэдджэм кьыщыхьуа Іуэху дахэхэм ящыщ зыр - Красноярск и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм дежи ксилографиемкІэ студие кьыззрыщІэзэрагъэпэщар. Ар зи жэрдэм, зи фІыщІэ Пащты Герман и цІэр зэрехьэ я студием. Ауэ, езыми зэрыжиІэщи, и екъулІэныгъэ нэхъ ин дыдэу къэплъытэ хъунущ гъуэзджэ утыкушхуэм ихьэфа и гъэсэнхэм я зэфІэкІыр.

БЛИЙ Даянэ.

Урысей и республикэ

Щіалэгъуалэм я зэхьхьэ

КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерством и дэІэпыкъуныгъэкІэ «Галактика» щІалэгъуалэ центрым 2012 гъэм эзэлІжьыхьым и 6-м Дыгулыбгъуей къуажэм и уг нэхьыщхьэм щІалэгъуалэм я зэхьхьэшхуэ щригъэкІуэкІынущ. Ар зытеухуар щІблэр фадэм, наркотикым, адрей мыхъумыщІагъэхэм демыгъэхъэхьырщ, щІалэгъуалэр узынщагъэр хъумэным хуэузщиныщ.

Зэхьхьэр сыхьэт 12-м щегъэжьауэ 14-м нэс екІуэкІынущ.

Алмэсты тєлъыджэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и бгъэхэм зыщІэзыпІыхьы зыгъэпсэхуакІуэхэм алмэсты фІыцІэ тєлъыджэ иІэзэрыІуэ. «Нєжная» бгъэунэщІагъэм пэмыжьжьэу зыІууэ псэ зыІут я гъэдІэгъэуэным турист-хэм телефонкэмкІэ сурэт трахащ.***

ЩІЫПІЭМ щыпсэухэм а тєлъыджэм и тєлъыджэм «Щабэ» фІащащ. УФ-м и МЧС-м и Іуэхущ Іапіэ Адыгейм щы-Іэм къызэритымкІэ, алмэсты къызэрыкъуэкІам теуху къыбгъэ зыбжанэ щыпІэ зэхуэмдэхэм къикІыу къыІэрыхьащ. Ар «Нежная» бгъэунэщІагъэм и Іэшэлъашэрщ. Оштен бгы-хэрщ. ЦІыІэ псым и къэжьапІэрщ.

Туристхэм трахар Іэщ ІагъэлІхэм щапщытыкІ.

Зэпыщіэныгъэхэр зэтраублэж

АБХЪАЗ. ***Республикэр хущІокъу къэралыгъуз щхьэхуиту дунейпсо утыкум ихьэну. Ар хуейщ мужьрей пхъэнэм фІэкІуэда Европэм, псом япэу республикэр сыт щыгъуи зыдолажьа Италиям, яхуиІэ зэпыщІэныгъэхэр зэфІэнгъуэжьму.***

АПХУЭДЭ мурад зэраІэр жиІащ. Нэмыгьгъэ Іуэхукіэ Рим щыІэ Абхъазым къэрал щІыб Іуэхуэмкіэ и министр Чирикбэ Вячеслав. «Абхъазэр европей къэралщ, икІи, абы и Іыхьэу щыткІэрэ, дэ нэгъуэщІ къэралыгъуэхэми зэпыщІэныгъэ яхудиІэну дыхуэІщ. Нэхъыщхьэу дызыхуІэкъур Абхъазымрэ Европэмрэ яку дэпъа зэхущытыкІэхэр зэтеублэжьныр щы-, - щыжиІащ Чирикбэ пресс-конференцым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Нобэрей Іэмалхэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэ

Іэпхъуэшапхъуэхэр: къытхыхьэхэмрэ тхэкІхэмрэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ебланэ пленарнэ зэхуэсыр мэрем кІуам екІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэм пыщІа гугъуехьхэмрэ республикэм и демографие щытыкІэр абы зэрелъытамрэ.

ЗЭІУЩІЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, КъБР-м и ПравительствэмиУнафэщІым и къуэдзэ **Ерчэн Темболат**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу КИФЩІ-м щы-Іэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым**, къулыкъущІапІэхэм, хабзэхъуМэ ІэнатІэхэм я лЫкІуэхэр.

Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан** тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иІэпхъуКІхэмрэ къэІэпхъуэхэмрэ епха Іуэхухэр зэрекІуэкІым, абы кьишэ гугъуехьхэмрэ зыужьыныгъэм зэран зэрыхуэхъумрэ.

- СССР-р лъэлъэжа нэужь, ди къэралым Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхум нэхъ зыщиубгъащ, абы хохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрри, - жиІащ Тау Пщыкъан. - Абы кьишэ гугъуехьхэр къызыхэкІуам тхыдэ купщІафІэзиІэ къэралыгъуэпхуэм ис цыхуэхэр Іуэху куэдкІэ быдэу зэпыщІауэ зэрыщытарщ. Іэпхъуэшапхъуэм кьиин къокІ, зы лъэпкъ псом и псэукІэм, экономикэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми жьэхэуэу. А псоми я нэхъыщхьэр къэралым щІыху бжыгъэу къыхэхъуэр Іэпхъуэшапхъуэхэм нэхъыбэу епха зэрыхъурщ.

Тау Пщыкъан бжыгъэхэр кьихьурэ кьигъэлъэгъуащ кьалъхуэкэрэ дунейм екьижхэмрэ, къэІэпхъуэхэмрэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм кІуэжхэмрэ елыытауэ демографие щытыкІэм зэрызихъэжыр, ди къэралым и бжэр Іэпхъуэшапхъуэхэм яхуэзІуихьи зэрыгуегуъуехьэр къызыхэкІуам тхыдэ купщІафІэзиІэ къэралыгъуэпхуэм ис цыхуэхэр Іуэху куэдкІэ быдэу зэпыщІауэ зэрыщытарщ. Іэпхъуэшапхъуэм кьиин къокІ, зы лъэпкъ псом и псэукІэм, экономикэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми жьэхэуэу. А псоми я нэхъыщхьэр къэралым щІыху бжыгъэу къыхэхъуэр Іэпхъуэшапхъуэхэм нэхъыбэу епха зэрыхъурщ.

- СССР-р лъэлъэжа нэужь, ди къэралым Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхум нэхъ зыщиубгъащ, абы хохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрри, - жиІащ Тау Пщыкъан. - Абы кьишэ гугъуехьхэр къызыхэкІуам ора» ВАЗ-217030 плъыр автомашинэхэр 2006 - 2012 гъэхэм теухуа «Гъуэгухэм шынагъуэншэу щызэкІуэнырегъэфІэкІуэн» федеральнэ программэм ипкъ иткІэ хухаха мылькумкІэ кьащэхуащ. Ахэр Іэмэпсымэ щхьэхуэхэмкІэ къызэгъэпэщащ: руль-лым дэсыр фадэ ефамэ кьынур. Нобэ хабзэ, программэ, зэгурыІуэныгъэ пщІы бжыгъэхэр диІэщ, ауэ абы емыльытауэ, Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхум пыщІахэр кьызыхуэтынщэу уб зыхуэ хъуакъым. Абы ипкъ иткІэ, Жылагъуэ палатэм хэтхэм кьаІэну зыхуэдгъэувыжащ республикэм щекІуэкІ Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхур кэрал кьулыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я нэІэ щІагъэувэным кІэлъыплъэныр, - жиІащ абы.

КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ** кІэщІу кьигъэлъэгъуащ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэмрэ демографие щытыкІэмрэ Іэпхъуэшапхъуэхэм зэрельытА лъэныкъуэхэр. ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ федеральнэ ІэнатІэм и управленэу КъБР-м щы-Іэм и аналитикэ къудамэм и унафэщІ **Жылэхьэж Артур** тепсэлъыхьащ а Іуэхум теухуауэ езыр здэщыІэ кьулыкъущІапІэм зэфІигъэкІхэм. КъБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министрым и къуэдзэ **Гаевэ Аленэ** кьытеувыІащ хамэ кьэрал е нэгъуэщІ щІыналъэхэм кьиІэпхъуКІхэм я узынщагъэр къэпщытэным, абыхэм япкъ-рыт узыфэхэр кьэхутэным, ар кьызыхьыхьахэм зэран яхуэмыхъуным теухуауэ ящІэм. Апхуэдэу, Іуэхум зэрепльымрэ хэкІыпІэу кьальытэхэмрэ кьыхэщу, зэІущІэм кьыщпсэльащ Жылагъуэ палатэм и комиссэхэм я Іэтащхьэхэу **Ажахъуэ Кьанщобий, Иуан Петр,** КъБР-м и прокурорым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зытгъэзащІэ **Жекеев Алик** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Мы Іуэхум екьэлІа лэжьыгъэр Жылагъуэ палатэм хэтэм щрагъэкІуэкІым зыхуэкІуа гупсысэхэмрэ чэнджэщхэмрэ зэгъэпхъукІым зэраныгъэшхуэ кьызэриІэшэр, абы гулъытэ хэха хуэщІым зэрыхуейр кьыхигъащауэ кьэпсалъэм. Армыхъумэ зы илъэсым кьэрыубдау щІыху мини 100 кэралым зэриІэпхъуКІым фІым зэрыхуимышынур жиІащ.

Апхуэдэу дин, лъэпкъ зэгурыМыІуэныгъэхэм хуэсакъыи, дэтхэнэми зыхэс лъэпкъым и бзэр ищІэн зэрыхуейр, ар зэхущытыкІэ тэмэмым лъабжьэ зэрыхуэхъур игъэбелджылащ Таум.

- Іэпхъуэшапхъуэхэм теухуа политикэ купщІафІэращ кэрал Іуэхур езыгъэфІэкІуэфынур, гугъуехь зыхэтлъагъуэхэр зыгъэзэкІуэжыфынур. Нобэ ХабзэІ, программэ, зэгурыІуэныгъэ пщІы бжыгъэхэр диІэщ, ауэ абы емыльытауэ, Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхум пыщІахэр кьызыхуэтынщэу уб зыхуэ хъуакъым. Абы ипкъ иткІэ, Жылагъуэ палатэм хэтхэм кьаІэну зыхуэдгъэувыжащ республикэм щекІуэкІ Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхур кэрал кьулыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я нэІэ щІагъэувэным кІэлъыплъэныр, - жиІащ абы.

КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ** кІэщІу кьигъэлъэгъуащ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэмрэ демографие щытыкІэмрэ Іэпхъуэшапхъуэхэм зэрельытА лъэныкъуэхэр. ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ федеральнэ ІэнатІэм и управленэу КъБР-м щы-Іэм и аналитикэ къудамэм и унафэщІ **Жылэхьэж Артур** тепсэлъыхьащ а Іуэхум теухуауэ езыр здэщыІэ кьулыкъущІапІэм зэфІигъэкІхэм. КъБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министрым и къуэдзэ **Гаевэ Аленэ** кьытеувыІащ хамэ кьэрал е нэгъуэщІ щІыналъэхэм кьиІэпхъуКІхэм я узынщагъэр къэпщытэным, абыхэм япкъ-рыт узыфэхэр кьэхутэным, ар кьызыхьыхьахэм зэран яхуэмыхъуным теухуауэ ящІэм. Апхуэдэу, Іуэхум зэрепльымрэ хэкІыпІэу кьальытэхэмрэ кьыхэщу, зэІущІэм кьыщпсэльащ Жылагъуэ палатэм и комиссэхэм я Іэтащхьэхэу **Ажахъуэ Кьанщобий, Иуан Петр,** КъБР-м и прокурорым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зытгъэзащІэ **Жекеев Алик** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Иуан Петр

Белецкая Ольгэ

Гаевэ Аленэ

Жекеев Алик

Япэ игъэщыпхъэ Іуэхухэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

«2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м хьэрычэтыщІэ ІэнатІэ мышинымрэ курытымрэ зэрызыщаужьыныр» республикэ программэ хэхам зэрыщыІубзыхуам хуэдиІу, лэжьэн щІэзыдзагъащІэхэмрэ зи Іуэхур зэтезыгъэувакэмрэ зэрадэІэпыкъУ Іэмалыр зэтраухуащ. Абы хохьэ ахъшэкІэ, мылъкукІэ защІэгъэжьуныр, ІэщІагъэлІхэр егъэджэныр. А щІыкІэм тету Іуэхущ Іапі э щІыкІурэ курыку мини 6-м щІигъум, апхуэдэу хьэрычэт Іуэхум зезытыну зи мурадхэм, лжьэпІэнщэхэм ядэІэпыкъуащ. Хьэрычэтыщ Іэ щІалэхэм хэхауэ зыщІагъакъуэ. Зи хьэрычэт мурадхэр зыгъгъэщІэ студентхэм япэу ядэІэпыкъуа щыщІадзар Кьэбэрдей-Балъкъэрыр щ. Сакъыпэту яГъэтІыпІыпын мылъку зыхуримыкъу хьэрычэтыщІэ ІэнатІэхэм банкхэм кредитхэр кьыщІахьхІэ республикэм и ШэсыпІэ фондыр щІэгъэжьхуэн яхуохьу.

Мусуков Алий кьытеувыІащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым иригъэкІуэкІ кэрал щІыб экономикэ лэжьыгъэр зыхуэдэм. Абы кьызэригъэльэгъуамкІэ, республикэ щІыб сатум зыгъэлъагъуамкІэ, республикэ щІыб сатум нэгъабэ доллар мелуани 113-м щІигъуащ.

Демографие щытыкІэр йофІакІуэ. 2006 гъэм ельытауэ кьалъхуэм процент 49-кІэ хэхъуащ. КъБР-м и кэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм (щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхущ Іапі эхэм), кэрал (муниципальнэ) ІэнатІэхэм электрон ІэмалкІэ цІыхухэм щыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм хохьэ.

Министрыр зэпкърыхуауэ тепсэлъыхьащ 2012 - 2015 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьныгъэм и Программэм щыгъэбелджылаІа Іуэхугъэ нэхъыщхьэхэм. Абы зэрыжиІамкІэ, ВРП-м нэгъабэ елъытауэ процент 18-кІэ хэхъуэнущ икІи сом мелард 124-м нэсынущ. Промышленнэ продукцэу процент 27-м нэблагъэкІэ нэхъыбэ ящынущ, къыщІагъэкІым и индексыр процентИ 112,7-рэ хъунущ. 2015 гъэм ирихьэлІэу мэкъумэшхэкІыу сом мелард 33,2-рэ и уасэ кьалэжьынущ, сом мелардИ 8,7-рэ и уасэ ууэнигъэ ирагъэкІуэкІынущ, илъэс къэс псэупІэу метр зэбгъэзнатІэ мин 480-рэ ятынущ. Мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу хузэщІагъэуІуэр сом мелард 23-м нагъэсынущ, экономикэм щылажьэхэм я бжыгъэм мини 6-кІэ хагъэхъэнущ, ику ит мазэ улахуэр процент 40-м щигъукІэ кьаІэтынущ.

Тепсэлъыхьа нэужь, «2012 - 2015 гъэхэм КъБР-м и социально-экономикэ зыужьныгъэм и Программэм и Іуэхухэр» Законыр япэ кьеджэгъуэу кьащтащ.

ЗэІущІэм щедэІуащ зи унафэщІ Іэнатіэм нагъабэ иІа лэжьыгъэ зыхуэдэм теухуауэ кьэрал кІуэцІ ІэхъуэхуэмкІэ министру Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ **Васильев Сергей** ищІа отчет докладым.

Ар зэпкърыхуауэ кьытеувыІащ Урысейм и МВД-м кьыщыхалъхьа зэхъуэкІыныгъэшхуэхэм я Іуэхущ Іапі эр зэрыхэтым, полицэм и лэжьакІуэхэр аттестацэ зэращІам.

- ЩыпІэ кьудамэхэм я унафэщІхэм я процент 75-р, министерствэхэм и аппарат нэхъыщхьэм хьихьэхэм я процент 80-р зэтхъуэкІащ. Граждан жылагъуэ институтхэм даЗэрыдэлажьэ щыкІэр зэредгъэфІэкІуэнумдыхущІэкъуащ. Дин Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьищІам я унафэщІхэм, щыхум и хунтыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу республикэм щыІэм зэгурыІуэныгъэхэр етщІыпІащ. Кэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ ІэнатІэм и кьалэн нэхъыщхьэр жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынырщ. Ар фІыуэ кьыдгурыІуэу, дин экстремизмымрэ терроризмымрэ япэщІэтыным теухуа Іуэхугъуэхэр япэ идгъащащ. Нэгъабэ и щыщыІэ льандэрэ Окружной управленэ нэхъыщхьэм и резерв зэгъэуІуам щыщхэр Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыІэщ. Гъатхэпэм и 10-м кьыщыщІэдзауэ мэлыжьыхьым и 25 пщІондэ Налшыкрэ республикэм и районхэм 5-мрэ Іуэхугъуэ хэхахэр зэуІуу щедгъэкІуэкІащ, жылагъуэ щхьэхуэхэм КТО хабзэ тхкІийр бгъуэнейрэ щыдгъэуващ, Іэщ кІэ зыгъэщІэзыуэда щІэпхъаджащІэ гупхэм хэтхэмрэ абыхэм я ІупэфІэгъуэхмрэ ящыщу 79-рэ яукІащ, 123-рэ яубыдащ. Я зыгъэщІыпІэу 10, Іэщ хъумэпІэу 37-рэ, кьагъакІэ Іэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр лабораторэ щыкІуу 4 кьагъэуэтащ. Хабзэм къемызэгъыу зыЗэрагъэхьа Іэщэу 170-рэ, щэуэ мин 16-м щигъу, килограмм 30 нэхърэ нэхъыбэ зи хьэлІагъ кьагъауэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыгъахащ.

Кьэпсэпъам зэрыжиІамкІэ, бандэ щэхурылажьэхэм щыщхэм нэгъабэ щІэпхъаджагъэ 87-рэ ялэжьащ. Абыхэм щыху мамыру 13, хабзэхъуэгъу 30 хэкІуэдащ, полицэм и лэжьакІуэу 34-м, къызэрыгуэкІ цІыхуу 9-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр хахащ. ЗэуІуу ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ, щытыкІэр хэщІыкІыу зэтес ящІащ. Хэгъэщагъэу зэрахьэр процент 11-кІэ, щІэпхъаджагъэ кьэхъэрэ хьэпъэ дыдэу ялэжьыр процент 11,5-кІэ, мурад бзаджэ яІэу нэгъуэщІым фэбжь хьэпъэ тезыдзэхэр процент 14,7-кІэ, цІыхубзым лей езыхэхэр процент 11,8-кІэ, цІыхуэхэм зэратеуэр процент 35,3-кІэ, яхъыщІахэр процент 20-кІэ, транспорт зыдыгъуэхэр процент 59-кІэ, ар езыхъжьэхэр процентИ 4,6-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Ялэжьыну яГъэхьэзыр щІэпхъаджагъэ хьэпъэрэ хьэпъэ дыдэу 200-м нэблагъэ къыщэпаудащ.

Іуэпъхьэ къеЖьэзыхуу зубыдахэм я бжыгъэм хуэдиблкІэ, экономикэ хъэгъэщагъэу зэхащІыхьхэм хуэдитІым щигъукІэ хэхъуащ. ФадэхэкІэм щелэжь Іуэхущ Іапі эшхуэу 8-м я унафэщІхэмрэ ахэр зейхэмрэ зэхъуэжьауэ уголовнэ Іуэхуэхэр кьаІэтащ. Хабзэм кьемызэгъыу зэрагъэкІуэкІ фадэхэкІ хьэзыру литр мелуани 2-рэ мин 500-м нэблагъэ, этил спирту литр мин 300 кьытрахащ. Абыхэм сом зы мелардрэ мелуан 400-рэ кьэралым хэщІыныгъуэ кьыхуахьащ. Бахъсэнёнкэ, Старэ Шэрдэж кьуажэхэм фадэхэкІэр щхъуу кьыщыщІагъэкІ цеххэр щызэхуащІащ, Налшыкрэ Кьуалъхьжьым Ищхъэрэрэ федеральнэ маркэ нэщІхэр щызыІгъэхьэзырэр ирубыдащ, апхуэдэу мелуани 4,5-м щІигъу кьытрахащ.

- ЩІэблэр гъэсэным, егъэджэным, щІалэгъуалэр ІэнатІэкІэ кьыззэгъэщІыным гулъытэ хэха хуэщІыпхъащ. Нэгъабэ жэуапым етщэІахэм я процент 80-м зэрыпсэун хэхъуэ зэпымыуэу кьаІэрыхьэркъым, абыхэм я Іыхьэ щащэр ІэнатІэнэщэ, я Іыхьэ пщІанэр щІэсым и кІуэцІкІэ щІэрыщІэу кьыщІэхуащ. Унагъуэхэм щІэпхъаджагъэхэм я зэхъуэдитІым хьэпъэ дыдэрэщ, - кьыхигъэщащ Васильев Сергей.

Депутатхэм я упщІэхэм жэуап ярита нэужь, министрым и отчетыр кьащтащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Конституцэ Судым и унафэщІ **Теляков Абдулвэхэб**, Парламентым и Іэтащхьэм и къуэдзэу **Жаным Руслан**, **Саенкэ Татьянэ**, **Бозий Натбий**, ирагъэблэгъа кьулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Гъуэгуанэ кІыхь дыдэ

КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныжьмкІэ и кьэрал Іуэхущ Іапі эр къызэрыщрагъэпэщцрэ нобэ, мэлыжьыхьым и 4-м, илъэси 178-рэ ирокъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыналъэм мафІэс щынагъэуэншагъэр къыщІэзэгъэпэщІыным лъабжьэ хуэхъуащ 1834 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м Кьэбэрдей линэм и унафэщІ полковник Пирятинскэм кьыдигъэкІауэ щыта, Кьэбэрдейм рэ Балъкъэрым рэ мафІэсым зэрыщІэбэныну Іэмалхэм ятеуэху «Предписанэ зэІуэхар».

Нобэ КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныжьмкІэ и кьэрал Іуэхущ Іапі эр зыужьныгъэшхуэ зыгъуэта, зи Іэщ Іагъэм хуэІэижь лэжьакІуэхэмрэ иджырей техникэкІэ кьызэгъэпэща ІэнатІэщ. Ар зэфІэувэным, ефІэкІуэным я гуащІэ хаалъхьащ абы и унафэщІу щытахэу Мелодинский Вячеслав, Воробьёв Михаил, Башкирцев Иван, Думай Борис, ШэджахьэщІэ Мазэчыр, Гончаров Борис, Грешишын Евгений сымэ. 1994 гъэм щыщІэдзауэ Іэуэщ Іапі эм и Іэтащхьэ Борэн МуІэед.

Къэхъэдгъэщынщи, МуІэед а къулыкъур зэрырихьэкІ зэманым хэпщІыкІыу ІэнатІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжащ. ТехникэкІэ нэхъ кьызэгъэпэща хъущ, мафІэсгъэункІыфІ частхэми кьахохъуэ. Иужь зэманым гулъытэ хэха хуащІ жылагъуэ пхыдзахэм, хуей хьумэ, нэхъ псынщІэу иасын папщІэ, апхуэдэ къудамэхэр кьыщызэІухьыным.

ІэнатІэм и унафэщІхэм республикэм и мафІэсгъэункІыфІхэм кьаКІуа гъуэгуанэр ялъытэу, ягъуэта зыужьныгъэм адэкІи зэрыпащэным иужь итщ. А псори зи фІыщІэ, я зэфІэувэныгъэм зи гуащІэ хэзыльхьа, нобэ кьаланыр езыльэкІ мафІэсгъэункІыфІхэм я щапхъэ, чэнджэщэгъуэ яхуэхъу ветеранхэр ящыгъупщэркъым икІи сыт щыгъуи гулъытэ хуащІ. Апхуэдэуи зи кьаланыр хьэлэуэ езыхьэкІ я лэжьакІуэхэр ягъэпажэ, яхуэфІэкІымкІэ зыщІагъакъуэ.

МафІэсгъэункІыфІхэм, я махуэм и пэ кьихуэу, хабзэ зэрыхъуауэ, республикэм щрагъэкІуэкІ суратыщІ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэ. Абы щытекІуахэр КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныжьмкІэ и Іуэхущ Іапі эм нобэ щыхэхэтыну пшыхь гуапэм ирагъэблэгъэнущ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Профсоюзхэр

ЗэфІагъэкІахэмрэ къапэщылъхэмрэ

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и зэгухьэныгъэм и IV зэІущІэ зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ нэгъабэ зэфІагъэкІахэмрэ мы гъэм къапэщыт къалэнхэмрэ. Зэхьыхьэр иригъэкІыжащ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Ахъий Фаинэ.

ЦІЫХУБЭ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ, автомобиль транспортымрэ гъуэгумрэ, щІыдагъэ, газ промышленностымрэ уэрэдыжьэмрэ я зэфІэувэныгъэхэм я рескомхэм ахьагъэжьа тхьылъэм тетыу, абы хэт ящыкІуэхэр кьыхэзгъэкІыжауэ абыхэм я пІэм нэгъуэщІхэр игъэувэным теухуауэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Егоровэ Галинэ** къызэджа унафэхэр зэІущІэм хэтхэм зэдзэрэзыуэ Іэзэгъэ кьащтащ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и зэгухьэныгъэм Іуэхугъуэ щхьэхуэхэмкІэ щыІэ къэпщытакІуэ гупхэм я унафэщІхэу Алэкьэй Борисрэ Моллаев Сэлихьэрэ я кьалэнхэр щхьэщакьыну къызэрылъэІуам къыхэкІыу, абыхэм я пІэм ШыгъуэшэЗаурбэ Мыд Анатолрэ 17 зэрырагъэжьа 2011 теухуа унафэм Ахъий Фаинэ кьеджа нэужь, езым и къуэдзэу Шыгъуэшэ Зауррэ Геккиев СультІанрэ игъэувыну кьыхилъхьащ. Зэхьыхьэм хэтхэм а щІалэхэр нэхъ гъунэгъуу яригъэщІыхуащ.

Нэгъабэ зэфІагъэкІахэмрэ 2012 гъэм кьалэн зыщащІыжахэмрэ теухуауэ Ахъий Фаинэ кьыщІэпсалъэм, кьыхигъэщащ лэжьапІэ ІэнатІэ Іутхэм кьащьэщыжьныр я кьалэн нэхъыщхьэу зыхъэрынэжьыр. Ар зэпкърыхуауэ тепсэ_ лъыхьащ илъэс кІуам республикэм и Іэтащхьэм, Правительствэм, гъэзэщІакІуэ властым и Іуэхущ Іапі эхэм зэфІагъэкІахэм.

- КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и зэгухьэныгъэм хэтхэр социальнэ унэтІыныгъэ зиІэ унафэхэм щІэхщІэхьуРэ дыхоплъэ икІи ди Іуэху еплъыкІэ хьдолъхьэ. 2011 гъэм ди Іуэхущ Іапі эм къагъэхьа апхуэдэ унафэхэм Іуэхугъуэ 85-рэ кьыщыдгъэлъэгъуащ. Псом ящхьэращи, ІэнатІэнэшхэм я бжыгъэм хэдмыгъэхъуэныр кьыдэхъуліащ. Кризисым и зэманым ебгъапщэмэ, иджыпсту лэжьапІэ зимыІэхэр нэхъ мащІэ хъуащ. ЛэжьапІэ Іутхэр цІыху мин 353,5-рэ мэхъу, - жиІащ Ахъий Фаинэ. - Нэгъабэ республикэм кьыщыІэтуаха Іуэхущ Іапі эхэм я бжыгъэкІэ, ІэнатІэщІэхэр кьэунэхъащ икІи, 2010 гъэм еплъытмэ, лэжьапІэнэшхэм я бжыгъэм процент 17 кІэрыкІуащ. 2011 гъэм ІэнатІэ ямыІэу зезыгъэтхазэр цІыху мини 9,6-рэ мэхъу. Абы щыщу мини 8,5-м лэжьыгъэ зимыІэхэм хухах ахъшэр ират. Ауэ щыхъукІи, республикэм лэжьапІэнэшэу цІыху мин 42,8-рэ ящІ.

Ахъий Фаинэ 2012 гъэм зэфІагъэкІыну къапэщытхэм щытепсэлъыхьым, кьытеувыІащ 2011 гъэм КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и зэгухьэныгъэм, республикэм и Правительствэм, промышленнихэмрэ хьэрычэтыщІхэмрэ я зэгухьэныгъэм 2011 - 2013 гъэхэр щІапІэу зэращІыІа лъэныкъуищ зэгурыІуэныгъэм и комиссэм хэтхэм республикэм ІэнатІэщІэхэр кьыщызэІуахыным теухуауэ щыІэ социально-экономикэ зыужьныгъэр кьызэрапщытэнур, лэжьапІэ зимыІэхэм ират ахъшэм хагъэхьэуэным теухуа Іуэху кьызэрыщІэтынур.

Профсоюз унафэщІыр кьыщыпсалъэм кьыхигъэщхьэхукІахэм ящыщІу республикэм щат икІи ит лэжьапІэр зэрыщІыкІыр, зы щыхум хуэзэу ар мин 13 фІэкІа зэрымыхъур. 2010 гъэм яту щытам зэрыщІэмыщІ.

- УнафэщІхэм лэжьыгъэр хабзэм тету кьызэрызэрагъэпэщцым теухуауэ ди лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІа къапэщытэныгъэ 640-м кьигъэлъэгъуащ хабзэр 669-рэ кьызэрызэпаудар. Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэр кьызэтрагъэувыІэн зэрыкуэдам теухуа унафэ 12 кьэштащ, ІэнатІэ Іутхэм я гъащІэм е я узынщагъэм зэран зэрахуэхъум кьыхэкІыу, - къигъэлъэгъуащ Ахъийм. - 2009 гъэ льандэрэ, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и зэгухьэныгъэмрэ республикэм ЛэжьыгъэмкІэ и кэрал инспекцэмрэ, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэр ди дэІэпыкъуэгъуу, «Дзыхь сертификат» проектыр догъэзащІэ. Ар зыхуэдгъэфащэр щапхъэ зыгъэльэгъуэ унафэщІхэрщ. 2011 гъэм апхуэдэ тхылъ эзттар зэрыщІыхуищ кьудейм кьеГъэлъэгъуэ Іуэхур зыІутыр.

Къэпсалъэр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ профсоюзым хэтхэм я бжыгъэм зы илъэсым кьурибыдзу цІыху мини 6 зэрыхэщІам. Мы Іуэхур къэзэкІуэжьи, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр профсоюзым хэщэн хуейуэ жиІащ абы.

Зэхьыхьэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и зэгухьэныгъэм лэжьыгъэ инспекцэмкІэ иІэ кьудамэм и унафэщІ **Хьэжы Владимир,** республикэм и мэкъумэш ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я рескомым и унафэщІ **Беслъэней Чамал**, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**.

ТекІуэжь Заретэ.

КІуэ пэтми хохъуэ

● УГИБДД

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КъБР-м щы Іэм и Къэрал автомобиль инспекцэм автомашинэ 20 кьыІэрыхьащ.

КъБР-мкІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Ехлаковэ Иринэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, «Лада-Приэзрапщытэ, автомашинэм и абджэхэм нэхуу пхидзыр кьэзыгъэльагъуэ, щытыкІэр зыхуэдэр зытх аудио-видео ІэмалхэмкІэ.

КъаІэрыхьа автомашинэхэр зэрытрагъашэм теухуа зэхьыхьэ гуапэ екІуэкІащ. КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ полицэм и полковник Якоовец Алексей Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэм я автопаркым хэхъуэ зэриІэм папщІэ екъуэхъуащ, я лэжьыгъэм екъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэну зэригуапэр жкриащ. АдэкІэ ІункІыбзэІуэххэр яІэщІильхьэри, я кьалэным пэрыувэну унафэ яхуищІащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, нэгъабэ Къэрал автоинспекцэм и автопаркым ВАЗ-2115 плъыр автомашинэ 12 кьыхэхъуауэ щытащ. Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм ГИБДД-м хуищІ гулъытэм кІуэ пэтми хегъахьуэ. Я материально-техникэ лъабжьэр сфІэкІуэуэху гъуэгу-плъыр кьулыкъум и гупхэм нэхъ псынщІэу я кьалэныр зэфІахыну ущыгугъ хьунущ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Сыт щыгъуи гулъытэ хуащІ

Къэрал кІуэцІыдзэхэм хэта ветеран гуп.

Урысей МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэхэр хабзэхъуэ ІэнатІэхэм я зы Іыхьэ нэхъыщхьэщ.

АБЫХЭМ кьызэрагъэпэщ ди Хэкум и шынагъуэншагъэр, цІыхум и хунтыныгъэр, хабзэр яхьуэу. Гъатхэпэм и 27-р МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэм и махуэу щытащ.

Урысей МВД-м Налшык кьалэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэхэм я щапхъэзэльагъуэу, чэнджэщэгъу ветеранхэм сыт щыгъуи гулъытэ хуащІ, абыхэм я жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэтщ. Урысей МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэхэм я махуэм ирихьэлІэу а ІэнатІэм и ветеранхэр зэхуашэсащ, щытыкІэ гуапэм игу саугъэт льапІэхэр иратащ. Махуэшхуэ зэхьыхьэм кьрагъэблагъэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ ветеран зэгухьэныгъэм и унафэщІ Гъубжокьуэ Арсен.

МАЦЫХЬУ Альбинэ,
Урысей МВД-м Налшык кьалэмкІэ и управленэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

ЛОХВИЦКИЙ Михаил

Повестым щыщ пычыгъуэхэр

Уафэгъуагъуэ макъ

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №31-м итщ).

- Шыпсэ уезгъэдэIуэн? - кIыхьэущIыкIыжь.

- Сегъэдаiуэ, ауэ нэхъ кIэщI зегъэущI, -жыIеIаш сэ. - СоIапIэ: секъэжьи Кушыешь.

- УмыпIашIэ, укъызыкIэрыху щыIэжьым. Хьэдрыхэ сущI щхьэкIэ укъуэпIащIэм хуей? Унэсынщ абы, хуэупIащIэ-ухуэмыпIащIэми... Ар псалъэм кьыдэкIуэущ... Дзэм сыхэтащ, щыгъуаэз уэрыпсщащIи. БыдапIэм сыдэжащ, сыдэзэшыхьыхь. Хуабэуэм сэлэтхэр дьырыщIыкI зетрешIэ. Эи Iэмыщ1э диль полковникиям и унэцIэр Кругомстройт...

- Дауэ жыпIа?

- Сэлэтхэр аратэ зэрэдежэр, и унэмIэ дыдэр Круэкиштерит. НтIэ, а Кругомстройт сатыгу диГъэвырти, дрихужьэгъэрэ, дыкьырихуэкIырт, ди псэр пыхуху. Ар зыхилхьэ щыIэтэкъым абы - дрихужьэуэрэ дыкьрихуэкIын тIэкIур. Сымаджэми уIэгъэ зытельми ящыхьыкIыртэкъым - я щхьэр щIигъэхьэрт, кьырихужьуэрэ!

Илья мэдыхьэшхыпIэ, и фIэщу жиIэрэ гушыIэрэ кьыпхуэщэнукъым. Апхуэдэ жьэрэйуэ сыщирихьэIэ зэпытащ ротэ къэж.

И псалъэр си фIэщ зэрымыхьущэм гу льита хьунти, Кнышевыр кьыхсчущIэпIащ:

- Пщы сыупс уи гугъэщ, сынопльрэ. Уи нэр щхьэ кьыстебубыда?

- БыдапIэм удэса абы щыгъуэ? Пльыщ гъэхэм, пэж?

- Пэжыпсщ! - дыхьэшхащ ар. - Зэ укъытримыч, си псальэр зэпумыуд, укъыщызэуупщынур иужькIэщ. Ухуцыхьэжщ... Щи, а Кругомстройм кIэс къэтхьын хуейуэ ди пщэ къыдилхьащ. Къэзыхьыр медалрэ фадэбжькIэ кьыпгъэтуащ. Ар схуэгъэфIкIынкI сыгугъэпти, ятэ сищащ: сэ къэсхьынщ кIэс! Мэзым сыщыIыхьэри, зы лъагъуэ сытеуващ, лъагъуэм сриклуэрэ зы жьыпэ гуэрыгъэ сыхуэхъуащ. Пабжьэм зыхэзудыгъуауэ, соплакIуэ, сабийхэм къажьыхь, зэрыгъэкIийуэ зэрызохьэ, фызхэм жьыщIыгъэр псым хаудыныщIэ, зыIуI пхъэIэщэм бгъуэрыпщи, витIым этоIэбэ. СащIыхэплъэм, сыкъыIэплъежьым сыхуэщIегъэжьауэ кьыщIыхуащ: вакIуэ дзкI лым и лажьэр сыгI, сыт емынэ сызезыхуэр? ФадэбжьэкIэ сыкьыIэрагъэгъуэр сигу кьыкIыжри, жысIаш: «Абы зыхэбгъжьыкъхурэ?» Пабжьэм сыкьыхэжри, Iыр изудащIащэ гуэрт: спхьхку, пщIэнтIэпсэр кьыIэжьащ. Си плIэм ислъхьэри, Iэпхлъпхэ сеща лIыр кьэсхащ... Круэгомстройм дунейгуфIэгъэуэр зэрихьэнтжьэ! ШIэрдзэсэм пкърыупщIыхащ. Зыри кьащыжрымыIэм, кIуэщIакъуэхри, щIыуэм ирадзащ: щыIэм ирнуэкIыхьмэ, и бзэр кьынутIыпщIыщ; жари. СыкьыщэгъэгъуГаф фалъэ ираклэри кьысIэщIагъэ щауэ. ИсхъумIыжкIащ фадэр. «Кьинвгъахьуэ иджырI!» - жыIэ0, «Кьинвгъахьуэ ар», - кьыIэжкIэ. «Куэдыр сщIэрэт абы щыгъуэ! СафIефащ, зызгъэнщIыху. Ар хьэрэыIэт, полковникым сэлэтхэр иримыгъэувэжIамэ - медаль кьызитыIи щхьэкIэ. Сефакъэ - зэлэсэт сыкьохьу сэ. Абдежми аращ: медалыр си бгъэм кьыщыхIум, хьэлэл сыкьэхьури, полковникым IэплIэ, ба хуэсщIащ. Инышь гуэрт полковникри, итIанэ кьэсIэтри... тIури дыджэлащ. И гуущIыу сильщI, Кругомстрой IэплIэ, ба хуэсщIын щIэсчэрэкьым. Сэлэтхэр мэдыхьэшх, зэщIокъакъэ. Африцдхрэм сыкьыт-ралъэфыжащ полковникым: «Iэщ1эпIытIэнущ», - жаIаГъэнщ. Си Iэплпмрэ бамрэ кьыхсуахьам епIэ: щэрджэсэр сыр зэрыс щIыуэнм срадзащ. Щэрджэсэм Iэплпэ, ба хуэсщIащ - фадэр сикърыкIыжатэкъым. «Уигу кьыдумыгъабгъэ, - жеслащ щэрджэсым, - хэгъэрей дызэрыгъэщI, махъсымэ дызэдефэнщ зыдгъэтхъэжьынщ». Кьуажэм имыгъэзэжауэ махъсымэ зэримыГъэтынчэ кьызжиIащ щэрджэсым. «Содэ, -жысIащ, - накIуэ, сышэ уи жьлэм».

Илья и IитIыр и льэгуажьащхьэм трилъхьащ.

- Жэщым дыкьикIуэсыкIащ щIыуэм, бжэр Iудуари. Сыжейбащхьуэтэ, сыдэзыщIэр схуэзэхэуэгъэкIынкI. Псы схуэлIэртэ, псым и пIэкIэ махъсымэ фалъэ срагъэфащ, «Зэпыту укIуэ апхуэдэ гъащI, - жысIащ, - полковникым IэплIэ хуэсщIыщIыкьэIэ...»

- Къэбгупсыса хьунщ а псор? - сеплIащ абы.

Ар дыхьэшхащ.

Уи фIэщ хьуркъым. УэрегуакIуэщ. Пщы пхуэзэупсауэщ кьыззэрыпфIэщIыр - уи тхьэ уэзэреплIащ. Пщы тIэкIыр си мыхьэмышкъым...

- Ильякъ кьыззэроджэр пэжк? - сеущIащ.

- Афанасий кьысфIащауэ щытащ, иужькIэ, Индыл и Iуфэм нэгъуэщIыцIэ щызгъуэтащ. НIэуасэ кьыхсуэхьуа гуэрым цIэкIэ сехьуэжащ.

- Уехьуэжащ? - игъэщIэгъуащ Кнышевым.

- Сехьуэжэн жеят хьуат.

- ПлIыщI гъэ льандэрэ уаэхэс шэрджэсхэм? - сеупщащ Илья.

- Дунейр инщ, си льэр Iэджэн нэсхуэсащ... Бгым сыщихьам сы-Афанасий, Илья сыхъуауэ сыкьыкIыжащ. Фи щхьэр згъэунэзакъэ си куэдыщхьэм?

- УэикIи у-Афанасий!ыкIым, икIи у-Ильякъым. УшейтIащ, - жысIащ сэ.

- Упсэу, зиусхьэн! Си гуапэ къэупщIащ... Кныш, кьыгъахьуэ! Щыздзынщ!

Илья сызделплым сигукIэ жьызоIэ: абы хьэлкIэ ещхь мащIэ ущрихьэлIэнукъым Урысейм. Сытри яхуэзэфIэкIынущ апхуэдэхэм: хахуэгъи ядэплIаеГынущ, я псэ-ми щысэлынукъым.

Кнышевымрэ Ильярэ кьыззэрыхсущытым и гугъу сщIымэ, адрей кьуажэдэхэм зыкIи къащхьэ зыщыкIыртэкъым ахэр - тIури кьыхсуэгуапэт, пщI кьыззэрысучащыр слъагъурт. ДызэзрыгъэIуща нэхьей, зэгъэр ди нэгу щIэнар дигу кьэдгъэжьащ тфIэфIыщэтэхьым. Пэжщ, Илья зэ сыкьигъэувыIэри кьыззэупщIащ: «Умыпэмыщ1эу пIэро уэ, Яшкэ? Шэч щIэсщIыр фадэ зэрызыIуумыльхьэращ.» Ар жиIэри и кьару кьыззэрихькIэ дыхьэшхащ... Ильярэ Кнышевымрэ я гугъу щIэсщIыр аХэр ирумкъым кьыззэрыщIидзыжар кьывгурыIуэнукъым, аращ. Абы щыщыхьэр медалрэ фадэбжькIэ кьыгъэгъуащ. Ар схуэгъэфIкIынкI сыгугъэпти, ятэ сищащ: сэ къэсхьынщ кIэс! Мэзым сыщыIыхьэри, зы лъагъуэ сытеуващ, лъагъуэм сриклуэрэ зы жьыпэ гуэрыгъэ сыхуэхъуащ. Пабжьэм зыхэзудыгъуауэ, соплакIуэ, сабийхэм къажьыхь, зэрыгъэкIийуэ зэрызохьэ, фызхэм жьыщIыгъэр псым хаудыныщIэ, зыIуI пхъэIэщэм бгъуэрыпщи, витIым этоIэбэ. СащIыхэплъэм, сыкьыIэплъежьым сыхуэщIегъэжьауэ кьыщIыхуащ: вакIуэ дзкI лым и лажьэр сыгI, сыт емынэ сызезыхуэр? ФадэбжьэкIэ сыкьыIэрагъэгъуэр сигу кьыкIыжри, жысIащ: «Абы зыхэбгъжьыкъхурэ?» Пабжьэм сыкьыхэжри, Iыр изудащIащэ гуэрт: спхьхку, пщIэнтIэпсэр кьыжьэIуащ. Си плIэм ислъхьэри, Iэпхлъпхэ сеща лIыр кьэсхащ... Круэгомстройм дунейгуфIэгъэуэр зэрихьэнтжьэ! ШIэрдзэсэм пкърыупщIыхащ. Зыри кьащыжрымыIэм, кIуэщIакъуэхри, щIыуэм ирадзащ: щыIэм ирнуэкIыхьмэ, и бзэр кьынутIыпщIыщ; жари. СыкьыщэгъэгъуГаф фалъэ ираклэри кьысIэщIагъэ щауэ. ИсхъумIыжкIащ фадэр. «Кьинвгъахьуэ иджырI!» - жыIэ0, «Кьинвгъахьуэ ар», - кьыIэжкIэ. «Куэдыр сщIэрэт абы щыгъуэ! СафIефащ, зызгъэнщIыху. Ар хьэрэыIэт, полковникым сэлэтхэр иримыгъэувэжIамэ - медаль кьызитыИ щхьэкIэ. Сефакъэ - зэлэсэт сыкьохьу сэ. Абдежми аращ: медалыр си бгъэм кьыщыхIум, хьэлэл сыкьэхьури, полковникым IэплIэ, ба хуэсщIащ. Инышь гуэрт полковникри, итIанэ кьэсIэтри... тIури дыджэлащ. И гуущIыу сильщI, Кругомстрой Iэплпэ, ба хуэсщIын щIэсчэрэкьым. Сэлэтхэр мэдыхьэшх, зэщIокъакъэ. Африцдхрэм сыкьыт-ралъэфыжащ полковникым: «Iэщ1эпIытIэнущ», - жаIаГъэнщ. Си Iэплпмрэ бамрэ кьыхсуахьам епIэ: щэрджэсэр сыр зэрыс щIыуэнм срадзащ. Щэрджэсэм Iэплпэ, ба хуэсщIащ - фадэр сикърыкIыжатэкъым. «Уигу кьыдумыгъабгъэ, - жеслащ щэрджэсым, - хэгъэрей дызэрыгъэщI, махъсымэ дызэдефэнщ зыдгъэтхъэжьынщ». Кьуажэм имыгъэзэжауэ махъсымэ зэримыГъэтынчэ кьызжиIащ щэрджэсым. «Содэ, -жысIащ, - накIуэ, сышэ уи жьлэм».

Илья и IитIыр и льэгуажьащхьэм трилъхьащ.

- Жэщым дыкьикIуэсыкIащ щIыуэм, бжэр Iудуари. Сыжейбащхьуэтэ, сыдэзыщIэр схуэзэхэуэгъэкIынкI. Псы схуэлIэртэ, псым и пIэкIэ махъсымэ фалъэ срагъэфащ, «Зэпыту укIуэ апхуэдэ гъащI, - жысIащ, - полковникым IэплIэ хуэсщIыщIыкьэIэ...»

- Къэбгупсыса хьунщ а псор? - сеплIащ абы.

Ар дыхьэшхащ.

Уи фIэщ хьуркъым. УэрегуакIуэщ. Пщы пхуэзэупсауэщ кьыззэрыпфIэщIыр - уи тхьэ уэзэреплIащ. Пщы тIэкIыр си мыхьэмышкъым...

- Ильякъ кьыззэроджэр пэжк? - сеущIащ.

- Афанасий кьысфIащауэ щытащ, иужькIэ, Индыл и Iуфэм нэгъуэщIыцIэ щызгъуэтащ. НIэуасэ кьыхсуэхьуа гуэрым цIэкIэ сехьуэжащ.

- Уехьуэжащ? - игъэщIэгъуащ Кнышевым.

- Сехьуэжэн жеят хьуат.

- ПлIыщI гъэ льандэрэ уаэхэс шэрджэсхэм? - сеупщащ Илья.

- Дунейр инщ, си льэр Iэджэн нэсхуэсащ... Бгым сыщихьам сы-Афанасий, Илья сыхъуауэ сыкьыкIыжащ. Фи щхьэр згъэунэзакъэ си куэдыщхьэм?

- Уэ икIи у-Афанасий!ыкIым, икIи у-Ильякъым. УшейтIащ, - жысIащ сэ.

- Упсэу, зиусхьэн! Си гуапэ къэупщIащ... Кныш, кьыгъахьуэ! Щыздзынщ!

Илья сызделплым сигукIэ жьызоIэ: абы хьэлкIэ ещхь мащIэ ущрихьэлIэнукъым Урысейм. Сытри яхуэзэфIэкIынущ апхуэдэхэм: хахуэгъи ядэплIаеГынущ, я псэ-ми щысэлынукъым.

Кнышевымрэ Ильярэ кьыззэрыхсущытым и гугъу сщIымэ, адрей кьуажэдэхэм зыкIи къащхьэ зыщыкIыртэкъым ахэр - тIури кьыхсуэгуапэт, пщI кьыззэрысучащыр слъагъурт. ДызэзрыгъэIуща нэхьей, зэгъэр ди нэгу щIэнар дигу кьэдгъэжьащ тфIэфIыщэтэхьым. Пэжщ, Илья зэ сыкьигъэувыIэри кьыззэупщIащ: «Умыпэмыщ1эу пIэро уэ, Яшкэ? Шэч щIэсщIыр фадэ зэрызыIуумыльхьэращ.» Ар жиIэри и кьару кьыззэрихькIэ дыхьэшхащ... Ильярэ Кнышевымрэ я гугъу щIэсщIыр аХэр ирумкъым кьыззэрыщIидзыжар кьывгурыIуэнукъым, аращ. Абы щыщыхьэр медалрэ фадэбжькIэ кьыгъэгъуащ. Ар схуэгъэфIкIынкI сыгугъэпти, ятэ сищащ: сэ къэсхьынщ кIэс! Мэзым сыщыIыхьэри, зы лъагъуэ сытеуващ, лъагъуэм сриклуэрэ зы жьыпэ гуэрыгъэ сыхуэхъуащ. Пабжьэм зыхэзудыгъуауэ, соплакIуэ, сабийхэм къажьыхь, зэрыгъэкIийуэ зэрызохьэ, фызхэм жьыщIыгъэр псым хаудыныщIэ, зыIуI пхъэIэщэм бгъуэрыпщи, витIым этоIэбэ. СащIыхэплъэм, сыкьыIэплъежьым сыхуэщIегъэжьауэ кьыщIыхуащ: вакIуэ дзкI лым и лажьэр сыгI, сыт емынэ сызезыхуэр? ФадэбжьэкIэ сыкьыIэрагъэгъуэр сигу кьыкIыжри, жысIащ: «Абы зыхэбгъжьыкъхурэ?» Пабжьэм сыкьыхэжри, Iыр изудащIащэ гуэрт: спхьхку, пщIэнтIэпсэр кьыжьэIуащ. Си плIэм ислъхьэри, Iэпхлъпхэ сеща лIыр кьэсхащ... Круэгомстройм дунейгуфIэгъэуэр зэрихьэнтжьэ! ШIэрдзэсэм пкърыупщIыхащ. Зыри кьащыжрымыIэм, кIуэщIакъуэхри, щIыуэм ирадзащ: щыIэм ирнуэкIыхьмэ, и бзэр кьынутIыпщIыщ; жари. СыкьыщэгъэгъуГаф фалъэ ираклэри кьысIэщIагъэ щауэ. ИсхъумIыжкIащ фадэр. «Кьинвгъахьуэ иджырI!» - жыIэ0, «Кьинвгъахьуэ ар», - кьыIэжкIэ. «Куэдыр сщIэрэт абы щыгъуэ! СафIефащ, зызгъэнщIыху. Ар хьэрэыIэт, полковникым сэлэтхэр иримыгъэувэжIамэ - медаль кьызитыИ щхьэкIэ. Сефакъэ - зэлэсэт сыкьохьу сэ. Абдежми аращ: медалыр си бгъэм кьыщыхIум, хьэлэл сыкьэхьури, полковникым Iэплпэ, ба хуэсщIащ. Инышь гуэрт полковникри, итIанэ кьэсIэтри... тIури дыджэлащ. И гуущIыу сильщI, Кругомстрой Iэплпэ, ба хуэсщIын щIэсчэрэкьым. Сэлэтхэр мэдыхьэшх, зэщIокъакъэ. Африцдхрэм сыкьыт-ралъэфыжащ полковникым: «Iэщ1эпIытIэнущ», - жаIаГъэнщ. Си Iэплпмрэ бамрэ кьыхсуахьам епIэ: щэрджэсэр сыр зэрыс щIыуэнм срадзащ. Щэрджэсэм Iэплпэ, ба хуэсщIащ - фадэр сикърыкIыжатэкъым. «Уигу кьыдумыгъабгъэ, - жеслащ щэрджэсым, - хэгъэрей дызэрыгъэщI, махъсымэ дызэдефэнщ зыдгъэтхъэжьынщ». Кьуажэм имыгъэзэжауэ махъсымэ зэримыГъэтынчэ кьызжиIащ щэрджэсым. «Содэ, -жысIащ, - накIуэ, сышэ уи жьлэм».

Илья и IитIыр и льэгуажьащхьэм трилъхьащ.

- Жэщым дыкьикIуэсыкIащ щIыуэм, бжэр Iудуари. Сыжейбащхьуэтэ, сыдэзыщIэр схуэзэхэуэгъэкIынкI. Псы схуэлIэртэ, псым и пIэкIэ махъсымэ фалъэ срагъэфащ, «Зэпыту укIуэ апхуэдэ гъащI, - жысIащ, - полковникым Iэплп

● Гъуазджэ

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр утыкум итщ.

ЦІыхубэ артистым и пшыхь

РСФСР-м и цІыхубэ артист ТІыхьужь Алий и цІэр зэрихьэу ильэс кьэс ирагъэкІуэкІ фестивалым и кьыкІэлыкІуэ зэІушІэм цІыху куэд щІэзэхущІэсат Къэрал киноконцерт гъэпсынгъаеПІэм. Абы кьрихьэлат Къэрэшей-ШІэрджэс, Къэбэрдей-Балькъэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание, ШІэшэн, Ингушэ республикэхэм я театрхэм я лэжьакІуэхэр. Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и дежэгуакІуэ гъуэгуанэм кьыІэрагъэхьу ящІ.

ФЕСТИВАЛЫР зэрыщыІэ ильэс 20-м кьриубыдэу Алий теухуауэ апхуэдизкІэ куэд жаІащи, ахэр зэхуэпхьэхэу, зы тхылъ псо хьунущ. И цІэм пыт «цІыхубэр» зыхуэфащэ дыдэщ, нобэр кьызэдсым ящымыгъупщэ артистым и талантыр кьеГъэльагъэу. ТІыхьужьым хуэдэу куэдрэ гуапэу ягу кьэкІыж, нэхъыбэрэ зи гугъу ящІ цІыху кьэГъэутыгъуейщ.

Дэтхэнэ зы театрми нэхьыфІу кьехьулІауэ кьиупытэ лэжьыгъэр утыку кьрихьащ. Пшыхьым екІуу цІыхьэхуэхэмат спектаклым щыщ Іыхьэхэмрэ гушыІэ теплъэгъуэ кІэщІхэмрэ. Ингушэ Республикэм и Урыс къэрал макъамэ-драмэ театрым игъэльэгъуащ Чеховым и «ХьэщІэ» теплъэгъуэ кІэщІыр. КъШР-м и Адыгэ къэрал драмэ театрым фестивалым щхьэкІэ кьыхихат КІэдэкІуей Артур и «Бесприданник» спектаклыр.

Шэщэн Республикэм кьикІащ «Серло» щІалэгъуалэ театрымрэ Лермонтов Михаил и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театрымрэ я лЫкІуэхэр. ГъэщІегъуэнт Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и «Шанс» театрым Джонс Том и «Sex bomb» уэрэдыр зэригъэзэщІар.

ЗэрыгурыІуэгъэщи, фестивалым хэтащ ди драмэ театрхэри. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым игъэльэгъуащ ягъэувагъащІэ «Псэльыхьухэм», Ержьб Мамий и тхыгъэм кьытращІыкІам, щыщ пычыгъуэ. Балькъэр театрым гушыІэ теплъэгъуэ кІэщІ утыку кьрихьащ. Музыкэ театрым кьыІэзэхуэсахэм яригъэльэгъуащ «Хьэбалэрэ Хьэбашэрэ» макъамэ спектаклым щыщ Іыхьэ. «ХьэщІэщым кьыщІыхьуар» гушыІэ теплъэгъуэр ягъэзэщІащ Урыс драмэ театрым и артистхэм.

Апхуэдэу фестивалым хэтащ УФ-м щІыхь зиІэ и артист Ташло Алий, КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм я цІыхубэ артисткэ Сокьур Ольгэ, КъБКъУ-м и «Глория» уэрэджьыкІауэ гупыр, кьэфакІуэ нЫбжьыщІэ Къалмыкъ Тамерлан, «Кавказ» кьэфакІуэ ансамблыр, уэрэджьыкІауэ Царикаевэ Альбинэ, нэгъуэщІхэри.

КІУЭКІУЭ Хьэпшэт.
Сурэтыр **ЕЛЬКЪЭН Артур** *трихащ.*

● «Адыгэ псалъэм» тетам къыпэджэжу

«Дыва»-кІэ еджахэмрэ тхакІуэхэмрэ

2012 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыдэкІа «Адыгэ псалъэ» газетым тетащ Щырый Маринэ и «Адыгэбзэу лъэщ, адыгэбзэу махэ» зыфІища тхыгъэр. «Дэни адыгэбзэ щрагъэджа», ди анэдэлъхубзэр щхьэ махэ хъурэ?» упщІэм теухуауэ жысІэнур мырат.

ФИЛОЛОГИЕ институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм и япэ курсым щІэс цІыху 18-р зэреджэ щыкІэр си щхьэкІэ согъэщІагъэ. Абыхэм ящыщу зыбжанэщ библиотекэхэм щыпльагъунур. Дыззэреджэм елъытащ гъэзджакІуэу кьытхэкІынур. Ди закъуэкъым апхуэдизкІэ библиотекэм кьуэдрэ щызэльагъу балькъэрыбзэмрэ литературэмкІэ кьудамэм щеджэ зы пщащэ. Абы диплом лэжьыгъэ етхри аращ библиотекэр етІуанэ унэ щыхьуэхьуар. Пщащэм кьыдеджэхэм дэнэу пІэрэ диплом лэжьыгъэр щатхыр? Библиотекэхэм мыкІуэхэм тыкуэным тхылъ кьыщащэхуурэ еджэу фІэщщыгъуейщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, тхылъри пьэпсей хъуащ. Тхылъ еджэхэр щыкуэдам, абыхэм я уасэхэр пудт, иджы еджэхэр мащІэ дыдэми, уасэхэм кІэрыхуным и пІэкІэ докІуей.

ПсалъитІ-щы жысІэну сыхуейт Маринэ иджырей уэрэдхэм ящІэхъ псалъэхэм я стилистикэм тегуэзывыхьу итхам теухуауэ. Ахэр зыуцІырхъхэм стилистикэр ящІэн дэнэ кьэна, пэжырытхэм щыгъуазэкъым! ЩІэблэм и адыгэбзэр зыхуэдэр Интернетым исхэм зэхуатххэм кьагъэльагъуэ.

Маринэ етх еджапІэ нэхъыщхьэм и адыгэбзэ кьудамэм щІэтІысхьэнымкІэ зэхьэзэхуэ лъэпкъ зэрыщымыІэжьыр. Ар пэжщ, ауэ конкурс зэрыщымыІэр арагъэнщ а кьакІуэ тІэкІурі тезыгъэгушхуэр.

Адыгэбзэм зегъэужьыным, ар егуГуу яджьным хуэгъэзауэ кьыхьызолъхьэ адыгэ псоми (кьалъдэсри кьуажэдэси) курыт еджапІэр кьыщаухкІэ ят ЕГЭ-м адыгэбзэр зэгъэхъэн хуейуэ. Ар зыхуэмытым аттестат епт мыхьуну кьызогъэув. АпхуэдизкІэ бзэуи, адыгэхэр сыт хуэдэ факультет щІэтІысхьами, Іэмал имыІэу адыгэбзэмрэ литературэмкІэ экзамен кьеІыхьлхьащ. НтІанэщ анэдэлъхубзэр зыІурылъ, литературэми тхыдэми хэзыщІыкІ интеллигенцэ дыщІэнынур.

Мыпхуэдэ зы теплъэгъуэ фхуэсІуэтэжьынут. Таксим сыздисым, шоферыр адыгэбзэм «теджэгуфхьын» щІздзащ.

- Слушь, е, дауэдут ар зэрыщытыр? «Адыгэбзэр зззмыгъащІэу...», фу сытуи уэ щапІэ ПащІэ Бэчмырзэ итхар. Алыхьым и бэлыхьыр зытриІухьэн усакІуэм ищІу пІэрэт а уэсм и зэранкІэ дыва кьызэрысхьар? Ы? Зыри жыпІэжьыми, Петрушка?

АдэкІэ хъуанагъэ гуэрхэр жиІэурэ, абджьир иригъэжэхри, гущыкІыгъуэу убжьыгъащ.

- Бэчмырзэкъым ар зытхатэр, КІыщокъуэрщ, - губжьым сызыкІэщІчу жэуап стыжащ.

- Хэт, хэт, жыпІат?

- КІыщокъуэ Алим. Дунейм тІури ехьжащ, ахърэт нэху Тхъэм кьарит.

- Хэт и «ахърэт нэху-? Дыва кьызэрэхьауэ? Ы? ШІуукІуэтэ!

Сызджэкіуэм сынэсати, машинэр кьезгъэгъэувыІэри сыкъикІащ, зэрысІльэкІкІи бжэр ездзыІужащ. НэгъуэщІ Іэмал кьысхуэгъуэгъэкъым абы и гум сытеІэбэну.

- Ды зытыбокъутэри, зи анэр... - шоферыр иту хьуэнэри, машинэм зыкъигъэтхъури щІэпхъуэжащ...

«Дыва» (езым и жьыкІэу) кьымыхьыш щхьэкІэ еджэным и пІэкІэ, усэр зытхар кьуаншэу кьыщІригъэдзыжащ. Апхуэди яхэтщ иджырей адыгэхэм.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.

Царукаевэ Светланэрэ Аккаев Хьэжмуратрэ ижьымкІэ щытщ.

● Атлетикэ хьэлъэ

Аккаев Хьэжмурат илъэсым и спортсмен нэхъыфІщ

«World weightlifting» журналым атлетикэ хьэлъэмкІэ 2011 гъэм и спортсмен нэхъыфІхъу кьыпытыта Аккаев Хьэжмуратрэ Царукаевэ Светланэрэ Москва щагъэлъэпІащ. ГуфІэгъуэ щытыкІэм иту абыхэм хуагъэфэща дамыгъэхэр иратыжащ.

А НОМИНАЦЭР зэрыщыІэ ильэс 28-м кьриубыдэу урысей спортсменхэм иджы япэу Кубокыр кьаІэрыхьэу араща. Атлет нэхъыфІу хьалъэтащ ди лЫхэгъэу, Олимпиадэм тІэунейрэ медалхэр кьыщыхьхьа Аккаев Хьэжмурат. Иджыпсту абы Таганрог зыгъэсэныгъэхэр щрегъэкІуэжІ, Лондон щызэхэтыну Олимп Джэгуфхэм зыхуегъэхьэзыр.

ГуфІэгъуэ зэІуцІэм кьрихьэлІащ атлетикэ хьэлъэмкІэ дунейпсо федерацэм и президент Томаш Аян, IWF-м и вице-президентэу Акуш Хьэсэн, Нику Влад, «World weightlifting» журналым и редактор нэхъыщхьэ Корел Янчэ сымэ, европей къэралыгъуэхэм я федерацэхэм я президентхэр, нэгъуэщІхэри.

● Кикбоксинг

Чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

Кикбоксингым и «фулл-контакт», «лоу-кик» лІэужьыгъуэхэмкІэ республикэм и япэ Кубокыр кьэхьыныным теухуауэ «Налшык» спорт комплексым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм республикэм и кьалэхэмрэ куейхэмрэ я спортсмени 127-рэ хэтащ.

КОМАНДЭ зэлеуэм щытекІуащ тренерхэу Месиков Андрейрэ Мэшыкъуэ Валерэрэ я гъэсэн Дзэлыкъуэ куейм хьихьэ Приречнэ станицэм и гупыр. ЕтІуанэ увыпІэр зыІэригъэхьащ «КЭМПО» спорт клубым и командэм. Тренерхэр Къудей Алимрэ Аслъэн Мусэрэщ. Шытхьэла и «Синдика» спорт клубым и командэр - ещанэщ. Тренерыр Сиралидзе Айдиащ.

«ТекІуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщІэ», «Техникэ нэхъыфІым папщІэ» саугъэтхэр хуагъэфэщащ Къып Амирэ (ШЫзэлыкъуэ къу.) Бахьсэн Рэмзэанрэ («КЭМПО» СК). Судьяхэр нэхъыфІу кьалъытащ Боллаев Аслъэн (Нартхьапэ), Республикэм КикбоксингымкІэ и федерацэм «КъБР-м кикбоксингым зыщегъэужьыным хуищІ хэлъхьэныгъэм папщІэ» саугъэтыр хуигъэфэщащ икІи фІыщІэ хуищІащ сыт щыгъуи закъыщІэзыгъакъуэ «Де Марко» фирмэм и унафэщІ Темрезов Мурат.

Зэхьэзэхуэм щытекІуаэкр КъБР-м и командэ кьыхэхам хагъэхьащ икІи мэлыжьыхьым екІуэкІыну Урысей Ипщэм пашэныгъэр кьыщыхьынымкІэ зэхьэзэхуэм «лоу-кик» лІэужьыгъэмкІэ и зэфІэкІ щагъэлъэгъуэну загъэхьэзыр.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

● Бокс

Налшык щызэхуос

УФ-м Іащэкіэ ЗэщІэузэда и Къарухэм боксымкІэ пашэныгъэр кьыщыхьынымкІэ 1994 - 1995 гъэхэм кьалъхуа нЫбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ «Налшык» спорт комплексым мэлыжьыхьым и 4 - 8-хэм щекІуэкІынущ. Абы Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я спортсменхэм 100-м щІигъу зэхуищэсынущ. Къэбэрдей-Балькъэрым и боксер 18 зэпеуэм хэтынущ.

Зэхьэзэхуэхэр нобэ сыхьэт 11-м кьызэІуах.

КъБР-м Спортымкіэ, туризмымрэ курортхэмкіэ и министерствэм и пресс-лъхуащІэ.

● «Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ЗэІущІэр музейм и унафэщІ Жантудуевэ Елизаветэ иregъэкІуэкІ.

Сурэтыщі гъуазджэмкІэ музейм мы махуэхэм щагъэлъагъуэ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и адуреат, художник цІэрыІуэ Занкишиев Ибрэхьим и Іэдакъэщ Іэкъ Іэкъэр.

Лъэпкъым и блэкІамрэ и нобэмрэ

«КЪУЭПСХЭР. Гупсысэхэр» зыфІища гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ 2007 - 2010 гъэхэм зэлэжьа «Нартхэр» серием щыщхэр, а илъэсхэм и Іэдакъэм къыщІэкІа сурэтхэр.

И лъэпкъым кьытепсыха гуауэр, ар зыпхъкІа гугъуехьхэр, и псэкупсэ щэнхабзэр и лэжьыгъэхэм илъэс 30-м щІигъуауэ лъабжьэ яхуещІ Ибрэхьим. Ауэ, абы кьыдэкІуэу, сурэтыщІым кьеГъэщІ, езыми зэрыжиІэу, «Іащэм зыкъпещэ...» гупсысэр зыхэпльагъуэ Іэдакъэщ Іэкъ Іэхэр. «Зэпгъэныгъэ», «Гъэдэщ Іыдэ», «Хьэщ Іапі», «Анэмрэ бынымрэ», «Зэман», «Бжьыхьэ», нэгъуэщ Іхэми ящыщ дэтхэнэ зыри кьопсалъэми ярейц, «кьытщыщІар мыращ, ди блэкІар мыпхуэдэщ, ди нобэри фольагъу» кьыбжаІэу. Уеблэмэ языныкъуэ и лэжьыгъэхэм лъэпкым и къэкІуэнум ухиГъапльэ кьыпщохъу, ар хуэдизкІэ нэІурытщи.

Занкишиев Ибрэхьим 1940 гъэм Дзэлыкъуэ районым хьихьэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. 1970 гъэм абы кьиухащ Дон Іус Ростов дэт художественнэ училищэр. 1980 гъэм къыщыщІэдзауэ Урысеим и сурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы и лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуащ ди республикэми, Урысеим и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэми. 1989, 1994 гъэхэм Налшык щекІуэкІащ абы и Іэдакъэщ Іэкіхэм щхьэхуэу хуэхэа гъэлъэгъуэныгъуэхэр. Занкишиевыр КъБР-м литературэмрэ гъуазджэмкІэ и Къэрал саугъэтым и лауреатщ, «Фэеплъ» зыфІища циклым къыпэкІуауэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Нэмэз щІыгъуэ.
Сурэтыр **Занкишиев Ибрэхьим** *ищІащ.*

● Аруан куей

Анэдэлъхубзэм дихьэххэр

Наркъалэ дэт курыт еджапІэ №2-м щекІуэкІащ къыдэкІуэтэй щІэблэр адыгэ литературэм куууэ хэгъэгъуэзэным теухуа зэІушІэ. Ар кьыхэрригъэпэщащ ны школым ильэс зыбжанэ хъуауэ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ щезыгъадэ, куэдым щапхъэ яхуэхъуа лэжьыгъэ гъэугуанэ купщІафІэ кьезыхьэлІа Къардэн Хуэмей. Зэхьэхьэм кьрагъэблэгъат «Нур- сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Джэдгъэф Борис.

ПШЫХЬЫР щекІуэкІ пэшыр музей марэм тету кьыІэзрызэгъэпэщам зэІушІэр нэхъри гъэщІэгъуэн пщищІырт. Абы щІэпъпасрэй хьэпшыпхьэ зэрыщІэдзэнэр дзэтхэнэ зыри тхыдэ по ирокъу, лъэпкъ литературэм лъабжьэ нэс хуэхъуу.

Адыгэ литературэм ехьэлІа зэІушІэм жыджэру хэта еджакІуэ щыкІуэкІэр кьеджащ къэбэрдей усакІуэхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІа тхыгъэ нэхъыфІхэм, усэхэм. Апхуэдэу сабийхэм ягъэхъэзыращ поэмэ щхьэхуэхэм кьытращІыкІа тепльэгъуэ щыкІуэр.

Джэдгъэф Борис еджакІуэхэр щыгъуаз ищІащ «Нур» журналым и унэтІыныгъэщІэхэм, абы и напэкІуэцІхэм кьыщыкъа хъыбархэмрэ усэхэмрэ, сабийхэм я гупсысэм зезыгъэужь джэгукІэхэм. Апхуэдэу редакторыр нэхъыщхьэм еджакІуэхэр кьыхуриджащ ди анэдэлъхубзэр хъумэным икІи кьыхигъэщащ апхуэдэу удихьэхыу, зыхуей хуэзэу ягъэхъэзыра зэІущІэм хэтахэм ди лЫэпкъ литературэм телъжьэн, ипэкІэ зыгъэкІуэтэфын кьаэхкІыну зэрыщыгурыщ.

КьызэгъэпэщакІуэхэри кьрагъэблэгъахэри зэгурыІуащ бзэм и кьэкІуэнумкІэ мыхьэнэ им зиІэ мыпхуэдэ зэІушІэхэр щІэх-щІэхьыурэ ирагъэкІуэкІыну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Фэеплъ

Ди гум Іэфіу къинащ

Гъатхэпэм и 27-м и нЫбжьыр ильэс 53-м иту дунейм ехьажащ цІыху зэпІэзэрыту, Іэдэбу, егъэджакІуэ Іэзэу, нЫбжьэгъу пэжу дунейм тета ІЩокьул (Абазэ) Ларисэ Сэлим и пхъур. ГъащІэм, лэжьыгъэм, гурыфІыгъуэм ди нэ кьыхуикІ цІыху гуапэр уэ хьэлъэм хигъэщІащ.

ЕГЪЭДЖАКІУЭ Іащ Іагъэр зэрэриГъэгъэтрэ Тэрч кьалэ дэт курыт школ №1-м зэпымыІууэ щыІэжьащ Ларисэ. Гурэ псэкІэ зи Іэнатіэм пэрыт бзылъхугъэ щыпкъэр и зэманми кьаруи емыблэжу щІэблэр гъуэгу захуэ тешэным, щІэныгъэм кьыдэкІуэу, гъэсэныгъэ тэмэмрэ цІыхугъэ лъагэрэ яхэлъхьэным ерыщу хущІэкъуащ. Апхуэдэ лэжьыгъэм кьыпэкІуэу щІэныгъэр теІуэныгъэкІэ зи еджакІуэхэм куэдрэ яГъэгуфІа егъэджакІуэ гъуэзэджэт ЩокьулыІр. ЩІэныгъэм и нэхур сабий куэдым ягу нихьэсащ, щылъгъэм и купщІэр ягу кьыщигъэушащ, гъащІэм лъэ быдзкІэ хэуба куэдым гІуаэз яхуэхъуащ. ГулыІэнэшэу кьэнакъым абы и зэфІэкІкІыр, иджыблагъэ Ларисэ кьыхуагъэфащат «Егъэджэныгъэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэлъапІэр.

Сабийхэм я дежкІэ уэщІакІуэу зэрыщытым нэмыщІи, балигъхэм и купщІэр кІуэт Ларисэ. Абы хэлъа гуапагъэмрэ щэн дахэмрэ ныбжьэгъури, гъунэгъури, лэжьэгъури зрищалІэрт. Ухэр игъэунэрт, благъэр игъэблагъэт. Ныбжьэгъум щхьэкІэ апхуэдэ чэнджэщэгъуэ щІэгъэзыхэуэнрэ кьэгъуэтыгъуейт. А псор щІыхьэзэхэр къыщагъэуатащ. Транспорт гранми 100, наркотикхэр зрахьэлІэн папщІэ кьагъэсэбэп зЫэпшыпхэр къыщагъэуатащ. Транспорт Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэр наркотикхэр игъэкІыным пыщІауэ щэчхуащІынымкІэ наркополицейхэм лъабжьэ яІэщ. Абы марихуанэр и лэжьыгъэм пэрымыкІыну ищэрт.

Урысеим Наркотикхэм кІэльыпльынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ Суановэ Залинэ щыгъуазэ дыдэрэ щІамкІэ, Следствэмкіэ кьудамэм абы теухуа уголовнэ Іуэху кьиІэтащ.

УАРДЭ Женя.

Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэу Щомахуэ Дусэ, Едгъул Джульеттэ, ФІыщІэхъу Земфирэ, Сэхъу ФатІимэ, Уэрэзей Джульеттэ, Хьэрздурэ Эммэ, Жьэгъур Светэ, Лэжьэрей Фенэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

И пІэм имыкІыу ищэрт

Урысеим Наркотикхэм кІэльыпльынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ Іапі эу республикэм щыІэм, КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакІуэхэм дэщІыгъуу рейд щрагъэкІуэкІым Налшык кьалэ щаубыдащ лэжьэгъуэ зэманым и гуащІэгъуэу наркотик зэзыхьэлІа «Таксиі» фирмэхэм ящыщ зым и шоферыр.

АБЫ и автомашинэм марихуанэ граммии 100, наркотикхэр зрахьэлІэн папщІэ кьагъэсэбэп зЫэпшыпхэр кьыщагъэуатащ. Транспорт Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэр наркотикхэр игъэкІыным пыщІауэ щэчхуащІынымкІэ наркополицейхэм лъабжьэ яІэщ. Абы марихуанэр и лэжьыгъэм пэрымыкІыну ищэрт.

Урысеим Наркотикхэм кІэльыпльынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ Суановэ Залинэ щыгъуазэ дыдэрэщІамкІэ, Следствэмкіэ кьудамэм абы теухуа уголовнэ Іуэху кьиІэтащ.

УАРДЭ Женя.

Бзаджащ Іэхэр къалъхьуэ

КъБР-мкІэ МВД-м и къельыхьуэ Урысей МВД-м и «Бахьсэн» къудамэм и полицэм и участковэ уполномоченэ лейтенант нэхъыщІэ Лъхукъуэщ Іащ Замир 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 40-м Бахьсэн куейм хьихьэ Ислъэмей къуажэм Іэщ кІэ щытеуа бзаджащ Іэхэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІЭ, ар зэрыса, гъуэгубгъум щыта ГАЗ-3110 автомашинэм бзаджащ Іэхэр лъэныкъуитІыкІэ щеуащ. Лъхукъуэщ Іауэр кьытехуа уІэгъэхэм кьелдакъым.

Ар къыщыхъуа щІыпІэм зэмылІэужьыгъуэхэм я гильзэ 17 кьыщагъэгъуащ. Ахэр КъБР-мкІэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым яГъэхащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей и унафэкІэ Бахьсэн куейм «Вулкан-3» дзэкъыгъэр щокІуэкІ. Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

УФ-м и МВД-м и «Бахьсэн» къудамэм и полицэм и участковэ уполномоченэ Лъхукъуэщ Іащ Замир Илъас и къуэр 1975 гъэм кьалъхуащ. Къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ Іэнатіэм 1998 гъэм лэжьэн щыщІидзащ. Иужьрей кьулыкъым 2011 гъэм щыщхьІуэм и 29-м пэрыуащ. Унагъуэщ, адэшхэу сабинтІ кьэнащ.

Полицэм и лейтенант нэхъыщІэ Лъхукъуэщ Іащ Замир зи Іэнатіэ щыта дэтхэнэми ещІэ ар и кьулыкъум хуэпэж, лЫгъэ зыхэлъ цІыху нэсу зэрыщытар.

Къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ министерствэм и КъБР-м щыІэм Хьыбархэмрэ жьыгъуэ зэпыщІныгъэхэмкіэ и Іэнатіэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зарифэ, Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьжыкъаро Алик.**

КьыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкіэ - 47-22-63, 42-57-59; щІэхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьыуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлажьэныжьмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхущхьэхэм я пэжагъымкІэ ахэр затхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынырэ пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьэмэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм щІэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Кьанщокьуэ Эллэ, редактору Щоджэн Іэминат, корректорэу Щоджэн Инэ (1, 4-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэІэмыкъуэгъу Мырзэкъан ФатІимэ. КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ Ныр Саидэ, Мэлбахьэу Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаниэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000● Заказ №868